BABAD PANJALU

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

BABAD PANJALU

Tim Penulis:
Rosyadi
Siti Dloyana Kusumah
Helmi Aswan
Dadang Udansyah

Editor:
Siti Maria

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
BAGIAN PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN
KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1992 / 1993

KATA PENGANTAR

Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah kuno Sunda (Jawa Barat) yang berjudul Babad Panjalu, isinya tentang para bupati yang pernah menjadi penguasa di Panjalu.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai-nilai budi pekerti, keagamaan, pengendalian diri, kesejarahan yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spiritual.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta. Oktober 1992

Pemimpin Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara



Sri Mintosih. BA.
NIP 130 358 048

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dalam pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Babad Panjalu.

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Oktober 1992

Direktur Jenderal Kebudayaan



Drs. GBPH. Poeger

NIP. 130 204 562

DAFTAR ISI

Halaman

Kata Pengantar iii

Sambutan Direktur Jenderal Kebudayaan v

Daftar Isi vii

Bab 1 Pendahuluan 1

1.1 Latar Belakang Masalah 1
1.2 Masalah 4
1.3 Tujuan 6
1.4 Ruang Lingkup 7
1.5 Metodologi 9
1.6 Sistematika Penulisan 9

Bab 2 Transkripsi dan Terjemahan Naskah Babad Panjalu. 10

Bab 3 Analisis Struktur 219

3.1 Batasan Pengertian 219
3.2 Telaah Bentuk 220
3.3 Telaah Isi 224
3.4 Aspek Kesejarahan 231

Bab 4 Relevansi dan Peranan Naskah Babad Panjalu dalam Pembinaan dan Pengembangan Kebudayaan Nasional (Analisis Nilai) 235

Bab 5 Kesimpulan dan Saran 249

5.1 Kesimpulan 249
5.2 Saran-Saran 250

Daftar Bacaan 252

BAB I
PENDAHULUAN

1.1 *Latar Belakang Masalah*

Banyak hal yang menarik untuk disimak dari khasanah kesusastraan Nusantara, baik sejarah perkembangannya, bentuk dan variasi-variasinya, maupun fungsinya di masyarakat. Mengenai fungsi sastra yang dikemukakan oleh *Robson*, bahwa sastra bukan hanya milik bersama dari masyarakat, bukan hanya diturunkan angkatan demi angkatan, tetapi juga mempunyai fungsi dalam alam pikiran, sastra bukan hanya hasil ide-ide salah seorang pengarang dan melalui dia dari masyarakat sebagai keseluruhan, yang sekali timbul dan sekali tenggelam; sastra juga dapat memegang peranan aktif dan berlaku untuk jangka waktu yang lama, misalnya dipakai sebagai pedoman, karena selain membayangkan pikiran, sastra juga membentuk norma, baik untuk orang sejaman maupun untuk mereka yang akan menyusul kelak (Sulastin Sutrisno, 1981 : 6).

Kutipan di atas menunjukkan kepada kita betapa besarnya peranan sastra dalam kehidupan masyarakat. Ia bukan hanya sekedar karya seni yang menonjolkan aspek estetis, melainkan membawa pesan-pesan moral, sosial dan budaya, dan pada tingkatan tertentu dipedomani oleh masyarakat karena ia memben-

tuk norma-norma. Sastra mampu menampilkan gambaran kehidupan suatu masyarakat pada kurun waktu tertentu dan pada situasi tertentu. Seperti dikatakan oleh *A. Teeuw*, bahwa pada dasarnya karya sastra merupakan pencerminan, pembayangan atau peniruan realitas, dan bahkan karya sastra dapat dipandang sebagai dokumen sosial (Sulastin Sutrisno, 1984:224).

Pendapat lain yang seirama dilontarkan oleh *Umar Yunus* yang mengatakan bahwa karya sastra akan mengandung unsur sosial yang penting dalam realitas sosial yang dilukiskan, atau dengan kata lain sebuah unsur penting dalam realitas sosial akan terlihat dalam karya sastra yang melukiskan realitas itu (Sutrisno Sulastin, 1983:57). Melalui karya sastranya para pujangga mengangkat, mengabadikan dan mengekspresikan gagasan-gagasannya ataupun peristiwa-peristiwa yang berlangsung pada jamannya.

Selain sebagai sarana transformasi nilai dan melegitimasi nilai-nilai dalam masyarakat, sebaliknya sastra juga dapat menjadi sarana pendobrak nilai dan pembaharu. Dalam hal ini *Jauss* mengatakan, bahwa sastra memungkinkan hubungan dengan orang lain yang membuahkan hasil baik atau mengakibatkan pengaruh buruk. Itulah sebabnya adakalanya larangan terhadap beredarnya sebuah karya sastra, yang karena pengaruhnya mungkin dapat mendobrak tabu tingkah laku susila yang umum atau memberikan kepada pembaca penyelesaian baru bagi norma-norma baik buruk dalam hidupnya yang kemudian diperkuat oleh kesepakatan semua pembaca dalam masyarakat (1975:41).

Keadaan ini mungkin saja terjadi manakala karya sastra yang dilahirkan merupakan ungkapan rasa tidak puas dari si pengarang atas sesuatu gejala atau situasi tertentu yang tengah berlangsung dalam masyarakatnya. Dia (pengarang) merasakan adanya ketimpangan, dan tidak puas atas situasi yang tengah berlangsung, ia menghendaki adanya perubahan dari situasi-situasi yang ada. Keinginannya itu diangkat ke dalam karya sastranya dengan harapan akan mendapat reaksi dan dukungan dari kalangan penikmat atau pembacanya, sehingga situasi-

situasi yang dirasakannya tidak sesuai itu akan berubah menurut gagasannya. Di sini pengarang berperan sebagai *the agent of change* (Rosyadi, 1990 : 37).

Yang tidak kalah pentingnya untuk dibahas dari khasanah kesusastraan Nusantara adalah fungsinya sebagai pemersatu suku-suku bangsa di Indonesia. Fungsi ini memang sangat penting mengingat beranekaragamnya masyarakat bangsa Indonesia yang memiliki latar belakang sejarah, sosial, budaya dan agama yang berlainan. Untuk mencapai harmoni sosial dalam situasi masyarakat yang beraneka ragam seperti masyarakat bangsa Indonesia, perlu ditumbuhkan saling pengertian, saling memahami dan toleransi di antara masing-masing suku bangsa; dan sastra daerah (sastra yang tumbuh di daerah-daerah) tampaknya dapat mengisi peranan ini, paling tidak ia dapat menjadi sarana untuk memperkenalkan karakteristik masing-masing suku bangsa.

Kita maklumi, bahwa masing-masing suku bangsa di daerahnya mengembangkan seni sastra yang sesuai dengan lingkungannya. Kesusastraan-kesusastraan daerah inilah yang memperkaya dan mewarnai keanekaragaman kesusastraan Nusantara. Sebagaimana dikatakan oleh *A. Teeuw*, bahwa sastra "senusantara" menunjukkan kekayaan yang luar biasa. Pernyataan ini diakui juga oleh Redaktur PN Balai Pustaka yang mengatakan, bahwa: "Kita Sepaham bahwa khasanah sastra Indonesia itu beragam tak terhingga, perlu digali, diteliti dan disebarluaskan serta menjadi modal kita dalam upaya kita bersama berproses meng-Indonesia dan sekaligus mendunia di tengah-tengah bangsa-bangsa di dunia kita ini" (Soediro Satoto, 1986 : 9).

Sebagaimana kesusastraan nusantara yang kaya dan beraneka ragam, demikian pula halnya dengan naskah kuno. Naskah kuno adalah salah satu wadah karya sastra melalui media tradisi tulis, di samping tradisi lisan *(oral tradition)*. Harjati Soebadio (1973:6) mengatakan, bahwa Indonesia merupakan khasanah raksasa bagi naskah kuno yang kebanyakan tertulis dalam bahasa dan huruf daerah. Isi naskah-naskah tersebut beraneka ragam mulai dari naskah kesusastraan dalam arti terbatas sampai de-

ngan sumber keagamaan, kemasyarakatan, sejarah, yang sangat penting bagi pengetahuan kita mengenai kebudayaan tiap-tiap daerah dan yang sebagai keseluruhan dapat memberikan gambaran lebih jelas mengenai kebudayaan Indonesia pada umumnya.

Naskah kuno merupakan dokumen sosial budaya yang menyimpan berbagai data dan informasi mengenai berbagai aspek kehidupan di masa lampau. Sayangnya masih banyak naskah kuno yang belum digarap. Berbagai babad daerah perlu diterbitkan secara kritis guna penelitian sejarah. Begitu pula berbagai naskah lainnya yang menunggu penggarapan lebih lanjut guna disebarluaskan sebagai salah satu sumber informasi kebudayaan. Hal inilah yang melatarbelakangi penulisan buku *"Pengungkapan Nilai Budaya dan Kesejarahan Naskah Babad Panjalu"*.

1.2 *Masalah*

Dalam khasanah sastra tradisional Sunda dikenal suatu bentuk karya sastra *babad* yang sering pula disebut *carita, sarasilah, sajarah* atau *pancakaki*. Bentuk sastra babad sering diidentifikasikan dengan sejarah atau sastra sejarah, yang ruang lingkup isinya pada umumnya terdiri dari kisah atau dongeng (dalam bentuk mite maupun legenda) dan silsilah. Unsur dongeng pada karya sastra sejarah seperti babad oleh para sejarahwan dianggap sebagai unsur yang cukup penting juga, karena dongeng atau kisah-kisah di dalam sastra babad bukanlah dongeng yang tanpa makna, melainkan sebagai alat untuk melegitimasi kedudukan dan keagungan raja.

Di kalangan masyarakat Sunda, sastra babad adalah pengaruh dari kesusastraan keraton Jawa yang meresapi khasanah sastra Sunda pada sekitar abad 17 Masehi, yakni ketika Sultan Agung Mataram berkuasa. Pada masa itu banyak unsur-unsur budaya Jawa yang meresap ke dalam kebudayaan Sunda, khususnya unsur-unsur bahasa dan sastra. Yang bertindak sebagai *the agent of change* dalam hal ini adalah para priyayi, santana, ningrat, pembesar Sunda yang mengapresiasi bahasa dan sastra Jawa.

Husen Widjajakusumah mengatakan, bahwa para pembesar Sunda untuk keperluan ketetanegaraan sering pulang pergi ke Mataram. Anak-anak mereka pun banyak yang mencari ilmu di sana. Sepulangnya ke tanah Sunda mereka meniru kebiasaan orang Jawa membuat dangding yang antara lain menghasilkan *guguritan* dan *wawacan* (1989/1990:37). Begitu pula bahasan dan tulisan Jawa sering digunakan dalam surat menyurat yang sifatnya resmi. Karena itulah seni sastra Jawa mempengaruhi kesusastraan Suna dengan sistem pupuhnya dan mendesak seni sastra Sunda asli (*buhun*) ke daerah pinggiran. Masa ini oleh para sastrawan Sunda digolongkan sebagai jaman peralihan.

Mengenai masa peralihan ini *Dodong Djiwapradja* mengatakan, bahwa pada jaman peralihan nilai yang dominan pada sastra Sunda adalah nilai estetik dan etik feodal yang diwarnai alam Sunda. Sedangkan nilai estetik dan etik Sunda asli (*buhun*) mulai tersingkir ke daerah pinggiran (*pasisian*). Begitulah, sastra Sunda Buhun bertahan diri seadanya di *"pasisian"*, sedangkan di sekitar kabupaten mulai tumbuh dan berkembang *"sastra bujangga"* atau *"sastra priyayi"* dengan suburnya (1989/1990: 186).

Adapun karakteristik dari *"sastra bujangga"* ini adalah seperti yang disebutkan oleh *Edi Ekadjati,* bahwa tokoh-tokoh yang dilukiskan dalam karya sastra golongan ini berasal dari golongan *"menak"* atau orang-orang yang hidup di sekitar kabupaten, yaitu bupati (atau *"pangawulaan"*) atau keturunannya, tangan-tangan bupati sampai kepada *"camat"* atau keturunannya, dan mereka yang disebut *"menak kaum"* (penghulu atau keturunannya) (1989/1990 : 187).

Kendati isi sastra babad tidak sepenuhnya dapat dijadikan sebagai sumber sejarah, namun demikian tidaklah berarti bahwa aspek non-sejarahnya tidak mempunyai makna sama sekali. Aspek legenda atau pun mite dalam sastra babad selain melegitimasi kedudukan dan keagungan raja atau yang ditokohkan dalam karya sastra yang bersangkutan, juga mengekspresikan nilai-nilai budaya yang berlangsung pada jamannya.

Bagaimanapun seorang pujangga tidak akan menghasilkan karya sastra begitu saja tanpa ada misi yang diembannya. Misi inilah yang biasanya mengandung pesan-pesan budaya ataupun pesan-pesan moral yang ingin ditransformasikan oleh pengarang kepada masyarakatnya dan generasi penerusnya.

Pesan-pesan budaya inilah yang menjadi pokok masalah dalam buku ini, yaitu nilai-nilai apa yang terkandung di dalam naskah *Babad Panjalu*, di samping aspek kesejarahannya. Untuk lebih jelasnya, permasalahan pokok dalam penulisan ini dapat dirumuskan sebagai berikut:

1) Sejauh manakah naskah "Babad Panjalu" mematuhi kaidah-kaidah puisi tradisional Sunda (norma-norma pupuh/dangding).
2) Nilai-nilai budaya apa yang terkandung di dalam naskah "Babad Panjalu", dan bagaimana relevansi nilai-nilai tersebut dalam pembangunan.
3) Seberapa jauh nilai-nilai kesejarahan yang terdapat di dalam naskah Sejarah Panjalu.

1.3 *Tujuan*

1.3.1 Tujuan Umum

Hasil penulisan ini diharapkan dapat memberikan masukan bagi upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan daerah, khususnya kebudayaan Sunda yang pada gilirannya akan memberikan sumbangan yang berarti bagi pembangunan nasional, khususnya di sektor kebudayaan.

1.3.2 Tujuan Khusus

1) Dari hasil penulisan ini diharapkan dapat terungkap nilai-nilai budaya Sunda yang luhur, paling tidak dari tulisan ini diharapkan dapat mengangkat dan menjelaskan nilai-nilai budaya dan nilai-nilai kesejarahan yang secara tersamar terdapat di dalam naskah Babad Panjalu.

2) Hasil penulisan ini diharapkan dapat menambah referensi mengenai kebudayaan Sunda untuk dapat digunakan oleh para peneliti ataupun bagi mereka yang berminat dan menaruh keperdulian terhadap perkembangan kebudayaan Sunda.

3) Hasil penulisan ini diharapkan dapat memperkaya khasanah kepustakaan sastra, khususnya sastra Sunda bagi pelestarian seni sastra itu sendiri.

1.4 *Ruang Lingkup*

1.4.1 Ruang Lingkup Empiris (Materi)

Naskah yang menjadi sumber kajian dalam penulisan ini berjudul *"Babad Panjalu"*. Naskah ini adalah koleksi C.M. Pleyte yang kini telah mengisi koleksi pernaskahan Perpustakaan Nasional RI dengan kode PLT. 24 pada peti nomor 121. Naskah aslinya ditulis dalam bahasa Sunda dengan huruf Latin di atas kertas HVS folio bergaris. Jumlah seluruh halaman yang terisi adalah 108 halaman yang rata-rata jumlah baris tiap halamannya berkisar antara 30 – 38 baris. Bentuk karangannya adalah puisi tradisional Sunda dengan menggunakan pupuh.

Naskah *"Babad Panjalu"* telah ditranskripsikan dengan penyesuaian ejaan dan telah diterbitkan oleh Lembaga Kebudayaan Universitas Pajajaran Bandung pada bulan Nopember 1976 dengan judul yang sama. Dalam penulisan ini yang akan disajikan adalah transkripsi disertai terjemahan dan pengkajian nilai budayanya.

1.4.2 Ruang Lingkup Teoritis

Di depan telah dikemukakan bahwa naskah *"Babad Panjalu* adalah suatu karya sastra tradisional Sunda yang termasuk ke dalam golongan *sastra sejarah.* Untuk menghindari salah pengertian dan salah tafsir, maka dirasa perlu dikemukakan beberapa konsep dasar yang terkait dengan materi penulisan.

1) Naskah Kuno

Yang dimaksud dengan naskah adalah hasil tulisan tangan yang didalam bahasa Inggris disebut *manuscript* (S.W.R. Mulyadi, 1991:1). Adapun pengertian *"kuno"* atau *"lama"* pada naskah kuno adalah berdasarkan pada *Monumen Ordonansi STLB 238.1931*, yaitu yang berusia 50 tahun ke atas. Jadi pengertian naskah kuno di sini adalah hasil karangan yang masih berupa tulisan tangan dan telah berusia di atas 50 tahun (TOR 1991/1992).

2) Kesusastraan

Dalam Kamus Bahasa Indonesia II yang diterbitkan oleh Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, kata *kesusastraan* artinya adalah karya kesenian yang diwujudkan dengan bahasa (seperti gubahan-gubahan prosa dan puisi). Menurut Priyono, kata *sastra* berasal dari bahasa Sanskerta *'castra'* yang artinya pertama-tama adalah perintah, peraturan, selanjutnya berarti juga kitab yang berisikan peraturan, kitab agama, kitab hukum, dan kemudian berarti tiap-tiap kitab pelajaran, kitab ilmu pengetahuan, seterusnya ilmu itu sendiri (dalam Bagus, 1980).

3) Sastra Sejarah

Sastra sejarah sering dikacau-balaukan pengertiannya dengan sejarah sastra. Padahal kedua kata itu mempunyai pengertian yang sangat berbeda. Kalau sejarah sastra adalah bagian dari ilmu sastra yang mempelajari perkembangan kesusastraan secara kronologis dari waktu ke waktu, maka pengertian sastra sejarah adalah bagian dari kesusastraan atau karya sastra yang mengandung unsur-unsur sejarah.

4) Nilai Budaya

Pengertian nilai yang dimaksud di sini adalah sesuatu yang dipentingkan manusia sebagai subyek, menyangkut segala sesuatu yang baik atau buruk sebagai abstraksi, pandangan atau maksud dari berbagai pengalaman dengan seleksi perilaku yang

ketat. Batasan untuk mengkaji nilai-nilai mengacu kepada berbagai hal seperti tugas, kewajiban, agama, kebutuhan hidup, keamanan, perasaan, serta tatakrama (Pepper, 1958: 7).

Adapun pengertian nilai budaya adalah seperti apa yang dikemukakan oleh Koentjaraningrat, yaitu merupakan konsep-konsep mengenai apa yang hidup dalam alam pikiran sebagian besar dari warga sesuatu masyarakat mengenai apa yang mereka anggap bernilai, berharga, dan penting dalam hidup, sehingga dapat berfungsi sebagai suatu pedoman yang memberi arah dan orientasi kepada kehidupan para warga masyarakat tadi (1980: 204).

1.5 *Metodologi*

Mengingat naskah *"Babad Panjalu"* yang menjadi sumber kajian dalam penulisan ini adalah suatu karya sastra, maka sudah selayaknya dalam mengkajinya pun perlu pendekatan sastra, khususnya dalam menelaah strukturnya. Adapun untuk memahami nilai-nilai budaya yang terkandung di dalamnya digunakan metode analisis isi *(content analysis)*, yaitu suatu pendekatan yang difokuskan pada pemahaman isi pesan atau gagasan yang terkandung di dalam teks.

1.6 *Sistematika Penulisan*

Pengkajian naskah ini akan disajikan dalam sistematika sebagai berikut :

Bab 1 Pendahuluan, meliputi latar belakang masalah, masalah, tujuan, ruang lingkup, dan metodologi.

Bab 2 Transliterasi dan Terjemahan.

Bab 3 Analisis Struktur.

Bab 4 Sumbangan Naskah dalam Pembangunan.

BAB II
TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN NASKAH BABAD PANJALU

2.1 *Transkripsi Naskah Babad Panjalu*

Pupuh Asmarandana

1. Kasmaran panganggit gending
   Basa Sunda lumayanan
   Kasar sakalangkung awon
   Kirang tindak tatakrama
   Ngarang kirang panalar
   Ngan bawining tina maksud
   Medarkeun pusaka rama

2. Rama jumeneng bupati
   Di Panjalu nagarana
   Lamina jeneng bupatos
   Ngan dua puluh dalapan
   Tahun nyepeng bupatya
   Dugi sewu dlapan ratus
   Salapan welas punjulna

3. Kenging putusan bisluit
   Ti Kangjeng Baginda Raja

Kenging ganjaran bupatos
Eta nugrahan pasihan
Pansiun kahurmatan
Rupi harta jalma tugur
Sanesna dipasih sawah

4. Lami neyepengna pangasih
Rupi harta sareng sawah
Ditambah salawe pancen
Dina kalam midanna
Nyepeng kapansiunan
Tilu puluh tilu tahun
Dumugi wapatna pisan

5. Tadi keur jumeneng weling
Miwejang medar piwulang
Lampah sae sareng awon
Tulad lampah kahadean
Nu goreng disingkahan
Poma-poma masing tuhu
Regepkeun piwejang rama

6. Reujeung ieu Ama titip
Ku ujang kudu tampanan
Anggep simpen masing hade
Hiji buku bab pusaka
Tina awal mulana
Awit nungadamel situ
Lengkong buktina gumelar

7. Ujang poma sing nastiti
Paham ingat salawasna
Sabab ama enggeus kolot
Malar nular caritana
Tah ujang ieu tampa
Ditampi jeung sembah sujud
Pasihan wewekas rama

8. Teu lami waktuna deui
Tina antara wuwulang
Antawis satahun yaktos
Rama ngangluh lajeng wapat
Mulih kakalanggengan
Sigeg teu panjang dicatur
Walastra ka rahmattullah

9. Putra nukatilar tadi
Harita masih jajaka
Ditilar langkung prihatos
Taya pisan pangabisa
Henteu pisan sakolah
Nya ieu nu ujud nangtung
Gelar pun Prajadinata

10. Watek titis tulis diri
Ngan berkahna para cacah
Gede leutik mangkon gawe
Kasebat jadi kapala
Disawewengkon desa
Meunang pangkat jadi kuwu
Di Mawarah nu gumelar

11. Sih pangaksa nu ningali
Kana ieu seseratan
Nuwun pangampunten bae
Sewu laksa nuwun maap
Pon anu dicarita
Sewu nuwun sih samalum
Samudaya kalepatan

12. Reh simkuring kumaconggih
Nyarioskeun nu baheula
Ari anu dicarios
Manawi wetuk dangdingna
Nu kasebat pusaka
Tah gelar babad Panjalu
Manawi leres dangdingna

13. Ari anu jadi kawit
Sangyang Prabu Boros Ngora
Mangkon Panjalu karaton
Ngalajengkeun ti ramana
Estu tanah pusaka
Kasebat dayeuh Panjalu
Nelah dumugi ayeuna

14. Tidinya ngabangun deui
Damel situ gede pisan
Anu dingaranan Lengkong
Dikinten eta legana
Satus pat puluh bata
Etangan nu enggeus tangtu
Sakitu anu gumelar

15. Sareng aya hiji deui
Dina tengah situ eta
Nusa basa jawa pulo
Nu didamel padaleman
Lir kuta saputerna
Situ ngawengku kadatun
Mungal waas nu ningalan

16. Pinggir cai bumi mantri
Kaler kidul kulon wetan
Beres parele sakabeh
Katampi ku paimahan
Para abdi sadaya
Katingalna surup payus
Tur masih anyar babakan

17. Eukeur musim sarwa jadi
Pepelakan rupa-rupa
Kadu manggu jeruk paseh
Dukuh pisitan rambutan
Jerukbali jeung kalar
Jeruk manis mipis purut
Kadongdong jeung gandaria

18. Sanesna henteu kawincik
Sigeg enggalkeun carita
Nagri anyar langen maher
Lawang kawitan ukiran
Sarta taya nu jaga
Gulang-gulang jadi pamuk
Nami pun Otek geus nelah

19. Unggal poe unggal peuting
tara ingkah tina tempat
Henteu lian deui gawe
Marek sila bari jaga
Ngajaga bab drigama
Adat luang na karuhun
Taki taberi lampahna

20. Lawang nu kadua deui
Santosa sarta prayoga
Tuntung pintu ngujur ngulon
Sasak gede sarta panjang
Santosa dijarambah
Nu katelah Cukang Padung
Nelah dungkap ka ayeuna

21. Rea abdi balawiri
Wantuning nagara anyar
Beurat beunghar jeung kamukten
Senang taya kakirangan
Sakarsa diluluran
Saniskanten nu dimaksud
Laksana sakarsa karsa

22. Kocapna sang Prabu deui
Geus kagungan dua putra
Putra prakosa karasep
Rupi gilig jeung prakasa
Pameget duanana
Raka rai runtut rukun
Sami dedeg pangadegna

23. Siang damelna pelesir
Raka rai sasarengan
Ngaheurap disitu Lengkong
Ngubeng muter pinggir nusa
Ari nuditunggangan
Teu sanes sampan parahu
Bukti dungkap kaayeuna

24. Raina dikocap deui
Gagah sami jeung rakana
Sapertos nu kembar bae
Kuring menak kasamaran
Ningal sami dedegna
Salira sami tur jangkung
Henteu aya papadana

25. Nami putra nomer hiji
Raden Arya Kuning nelah
Nomor dua kacarios
Rai nu burey namina
Raden Arya Kancana
Namina enggeus kamashur
Dua putra kacarita

26. Adat perlampahna rai
Tara kersa pelesiran
Jeung raka papisah bae
Kabogohna pepelakan
Disajroning nagara
Bubuahan cukul mulus
Bray siang ngan pepelakan

27. Malah satempatna deui
Ngadamel sahiji nusa
Nukatelah Nusa Pakel
Paragi ameng amengan
Saban siang didinya
Melak buahna diatur
Diajar sarta dikenca

28. Melak mangpelem kaweni
Buah bidang buah bapang
Buah cengkir buah gedong
Salianna teu diserat
Tinangtu kalah papan
Galur catur nu ditutur
Tempat ieu pakebonan

29. Mashur nelah ka kiwari
Kacatur pragi amengan
Nunyarebat Nusa Pakel
Cantikning anu baheula
Asal melak bubuahan
Tumurun ka putra putu
Kitu awal pusakana

30. Sigeg nu dicatur deui
Tempat bumi kapatihan
Pernah kulon dina jontor
Di payun aya paseban
Tempat anu seseban
Ujung winangun geus tangtu
Bareng tatamu nu dungkap

31. Direnggi dipancak suri
Dipapaes kaanehan
Wantuning dina patamon
Cantik pinter papalihna
Biraksana laksana
Salir padamelan putus
Unjuk damel sapraganana

32. Sang Prabu nampi beresih
Sadayana padamelan
Teu aya anu dicale
Budi niskara kamanah
Nunjuk ringkat pinterna
Kamashur patih Panjalu
Dumugi sewu putuna

33. Karang palataran resik
Wiar wera titingalan
Henteu meunang pisan kotor
Nu teu nurut dihukuman
Adat lumbrah baheula
Hukumna berok belenggu
Ditempatkeun di paseban

34. Sinigeg dikocap deui
Prabu Sangyang Boros Ngora
Aya manah karsa lereh
Pasrah damel ka putrana
Putra nu pangcikalna
Kempel rerempug jeung sepuh
Sarta raden patih pisan

35. Prabu Sangiyang ngalahir
Ka sepuh jeung ka patihna
Menta karempugan maneh
Niat seseren ka anak
Muga pada rempugan
Sakabeh urang Panjalu
Tah sakitu nya pamenta

36. Tidinya lami badami
Patih serta praponggawa
Ku sadaya geus kahartos
Reh urang aya pariksa
Kitu ratu kersana
Kumaha ayeuna batur
Sadaya kudu unjukan

37. Unjukan sadaya abdi
Ngiringan sadaya karsa
Teu aya hiji nu menggok
Mangga ngiring karsa raja
Teu sanes rek ngaula
Siang wengi rek dijungjung
Ngaula setya kang putra

38. Sang Prabu ngalahir deui
Ka patih para ponggawa
Naha enggeus rempug kabeh
Patih pra sepah unjukan
Nuwun dawuh paduka
Sareng sewu sembah sujud
Dumeh rek karsa paduka

39. Sang Prabu ngalahir manis
Ka sadaya para sepah
Muji sukur ka maraneh
Kadar aing kalaksanan
Trima dunya aherat
Muji sukur ka yang agung
Ka Gusti nu sipat rahman

40. Harita keneh ngalahir
Ka patih lajeng nimbalan
Isuk dina poe Senen
Sakabeh kudu timbalan
Abdi pra mantri kabeh
Masing-masing pada kumpul
Isukna urang ngistrenan

41. Papakean masing resik
Salianna pahurmatan
Sadiakeun masing rame
Ulah aya kakurangan
Atur nu tumpak kuda
Lampit jampana jeung tandu
Sarta kasinomanana

42. Ari parabot anu aing
Sadia di padaleman
Kumpulkeun bae di jero
Bareng jeung aing kaluar
Sarta jeung pangantenna
Isuk Senen pukul tujuh
Sadiakeun di tempatna

43. Patih nyembah geus jung indit
Angkat gasik gagancangan
Nganggo payung seret hejo
Di jalan bari titimbal
Ngatur para ponggawa
Kadieu batur karumpul
Tua anom didawuhan

Pupuh Sinom

44. Isukna enggeus sadia
Ponggawa jeung para mantri
Saperti nu rek elaran
Upacarana marapit
Ngaderes kuring leutik
Kamantren parentul hurung
Sadia pikeun mapag
Tatamu enggeus rapih
Kantun ngantos jengkarna ti padaleman

45. Tidinya Den Patih mangkat
Diiring ku para mantri
Pra ponggawa sadayana
Bareng abdi-abdi leutik
Tatabeuhan dicangking
Salendro renteng jeung degung
Tarebang tarawangsa
Kekeprak calung kacapi
Warna rupa karinding sarta sulingna

46. Genta bareng kelenengan
Kolotok kapak teu kari
Bawaning ku kasukaan
Sabogaboga dijingjing
Bawaning suka ati
Nu surak kocap ngaguruh
Sapolah-polah jalma
Jojogedan ragag rigig
Warna rupa aya anu bobodoran

47. Kocap Raja Putra jengkar
Putra panganten nu ngiring
Bareng pra istri sadaya
Sepuh kulawarga ngiring
Teu aya anu kari
Jaba nuturkeun kadatun
Ear rame nu surak
Melas melis sora suling
Narawangan calung rebab tarawangsa

48. Raja nunggangan jampana
Para istri dina joli
Dihapit para ponggawa
Para mantri ti pandeuri
Upacara ngabaris
Di pungkur sarta di payun
Den patih tunggang kuda
Tiheula bade sayagi
Nyayagian Sang Prabu bade ngistrenan

49. Rawuh teu antara lila
Ka kapatihan geus sumping
Rama putra geus lalenggah
Garwa sareng para istri
Kapatihan heurin usik
Ngagimbung nu ngiring ratu
Ear nu susurakan
Ngageder asa kaindit
Patih nyaur he batur eureun heula

50. Jempe repeh sadayana
Geus teu bisa usik malik
Saperti gaang katincak
Tina sakalangkung ajrih
Ngantos pidawuh gusti
Nyelang Raden Patih nyaur
Ka para ponggawana
Ka abdi jeung para mantri
Saparantosna poma ulah rek rarobih

51. Prabu Sangyang Boros Ngora
Ngadawuh ka Raden Patih
Sareng ka abdi sadaya
Geus henteu diwiji-wiji
Kami rek menta saksi
Masrahkeun lungguh tumenggung
Ka ieu anak cikal
Nya Raden Aria Kuning
Banda-banda sarawuh jeung nagarana

52. Sarta nitipkeun jenengna
Kumaula sing gumati
Diturut saparentahna
Poma ulah gindi pikir
Ulah silung nya ati
Ngaula sing hade laku
Saregep kumaula
Ngaulaan anak aing
Henteu panjang regepkeun eta papatah

53. Cung nyembah abdi sadaya
Katampi pangasih gusti
Miwejang abdi sadaya
Ku abdi prantos kabudi
Tadi kadawuh gusti
Rewu laksa abdi nuwun
Geus moal aya nu mungpang
ngaulakeun putra gusti
Raden Aria Kuning nu mangkon karajan

54. Ger surak bareng tabeuhan
Patamon asa kaindit
Warna rupa polah jalma
Nu ngabodor ragagrigig
Rea nu selang-seling
Katalanjur sampe lanjung
Hawa soara jalma
Nyeri hulu torek ceuli
Geus cep surak reungeukeun miwulang putra

55. Sang Prabu hibat ka putra
Ratu Anom Arya Kuning
Ama pasrah saayana
Rupa barang eusi bumi
Rupa emas jeung duit
Kaayaan di Panjalu
Jeung ieu barang pusaka
Anggep simpen ati-ati
Tah rupana ku Eneng geura tampanan

56. Hiji rupa ieu pedang
Kadua rupana encit
Katilu eta rupana
Lonceng anu semu leutik
Simpen masing gumati
Keur pusaka anak incu
Jeung rupa kuluk raksukan
Ditempatkeun dinu resik
Tempatna misah ti sejen barang urang

57. Tutas tigas hibat rama
Pusaka prantos ditampi
Cung nyembah lajeng munjungan
Lenggah mando sarta taklim
Digentos ku Den Patih
Pra ponggawa para sepuh
Sami pada marunjungan
Abdi leutik kitu deui
Basanateh nuhunkeun hibar pandunga

58. Sinigeg lajeng bubaran
Ti kapatihan marulih
Satempatna sabumina
Salesih taya nu kari
Raden Aria Kuning
Rama putra di kadatun
Lenggah di padaleman
Anu eukeur jeneng wali
Waktu eta rama kang putra ngandika

59. Sakalian ama wekas
Popoyan pamit rek ngalih
Ngajugjug ka dayeuh Jampang
Rempug teu rempug geus pasti
Niat di poe Kemis
Pamenta ama sakitu
Putra teu prak ngawalonan
Ajrih tumpeg ngelas ati
Tina hawrah ngawangru pisah jeung rama

60. Dalah moal dikumaha
Eta geus dihin pinasti
Raga badan tampa polah
Titis tulis enggeus pasti
Nya ayeuna pinanggih
Kadar karsana Yang Agung
Rama patinggal jeung putra
***)

61. Henteu panjang dipimanah
Enggal bae nyaur patih
Enggeus dongkap kapayunan
Den Arya Kuning ngalahir
Heh kieu Paman Patih
Numawi enggal disaur
Reh aya karsa rama
Ngadawuh bade rek ngalih
Poe Kemis kitu pitungkasna rama

62. Pindah panggenan ka Jampang
Barang enggeus Raden Patih
Lajeng pitaros ka putra
Naha margina teh Gusti
Den Arya walon deui
Margi lantaran teu maphum
Sinigeg nu kakocap
Isuk dina poe Kemis
Pra ponggawa para mantri sing sadia

***) kurang dua pada

63. Sadaya teu langkung paman
Raracik nu ngiring ngalih
Ulah aya kakirangan
Gancangkeun masingna rapih
Den Patih hatur talim
Tigas dawuh bade mundur
Den Arya ngaidinan
Cung nyembah Den Patih indit
Gudag gidig mulih lajeng ka paseban

64. Sadungkap lajeng titimbal
Ka priyayi jalma kemit
Maneh kemit kudu leumpang
Ngumpulkeun ponggawa mantri
Jalma kemit arindit
Burubul anu disaur
Geus hempak di paseban
Lajeng Den Patih weweling
He numantak diogan aya dawuhan

65. Tah kieu dawuhannana
Rungu ku sakabeh mantri
Aya karsana ramana
Poe isuk bade ngalih
Dawuhna Sri Bupati
Sakabeh kudu rigurung
Ngaderek ka sangiyang
Anggon-anggon sing raresik
Sarta bawa tandu joli gerebongna

66. Caturkeun bae isukna
Sadaya enggeus tarapti
Kuda jalma jeung gotongan
Sarta jeung ponggawa mantri
Di kapatihan ngabaris
Kantun ngantosan Sang Prabu

Den Patih lajeng angkat
Ka padaleman geus sumping
Lajeng munjuk kantun ngantosan kakersa

67. Sukur ari geus sadia
Tarapti nubaris ngiring
Putra mo bisa ngiringan
Wakil bae paman Patih
Bareng ponggawa mantri
Ulah aya anu kantun
Lajeng putra unjukan
Ka rama nu bade ngalih
Unjuk sembah kulanun prantos sadia

68. Putra nu bade dicandak
Raina Aria Kuning
Rahaden Arya Kancana
Langkung binangkit berbudi
Panganggo ahli tani
Tegesna nu dipicatur
Aturan pepelakan
Damelna ngawincik-wincik
Warna rupa siki petetan dipelak

69. Sigeg kocap nu rek angkat
Putra sujud bari nagis
Ngawawaas nu rek angkat
Raka rai kitu deui
Duh adi kuma teuing
Akang kantun di Panjalu
Geunggang nyorangan pisan
Gan pamuga muga rai
Sambung dunga rai papisah jeung kakang

70. Prabu Sangiyang bral jengkar
Lajeng nitih kana joli
Salianna nu badarat
Tandu gerebong ku istri

Di jalan heurin usik
Pacampuh gotongan tandu
Ear sowara kuda
Nu nitik ponggawa Mantri
Abdi-abdi upacara nu badarat

71. Henteu kocap di jalana
Catur cunduk enggeus sumping
Ka Jampang anu dituju
Kaget awewe lalaki
Urang Jampang geus singkil
Ngurus pakepruk keur nyuguh
Imah hempak ngajajar
Di Jampang geus heurin usik
Silih taros semah bareng pamajikan

72. Geus tugenah anu pindah
Catur nu ngiring rek balik
Tina enggeus kalamian
Raden Patih lajeng pamit
Dumeuheus sembah talim
Nun abdi bade piunjuk
Manawi kawidian
Abdi nyuwun widi balik
Sarawuhna piunjuk abdi sadaya

73. Sangiyang lajeng ngandika
He kabeh para ponggawi
Geus kateda katarima
Lahir batin moal lali
Pangabelaan tadi
Tegas mantep tutug ngestu
Gan muga saterusna
Ngaulakeun anak kami
Poma-poma lampah masing ariyatna

74. Sangiyang geus kawidian
Hade maneh geura balik
Tidinya lajeng munjungan
Sami pada amit balik
Kabeh ponggawa Manteri
Bubar teu aya nu kantun
Teu kocap di jalanna
Caturkeun bae geus sumping
Lajeng bae unjukeun dawuhan rama

75. Teu aya anu kaliwat
Dawuhan ramana tadi
Parantos Patih unjukan
Pamit rek mulih ka bumi
Kitu deui pra Mantri
Sadaya sami malundur
Saimah satempatna
Sinigeg geus masing-masing
Sanes pasal catur nu keur suka manah

76. Raden Arya Kuning kocap
Keur jeneng nya sugih mukti
Beurat beunghar rea barang
Rea kuda sapi munding
Sairing karsa jadi
Jeung mantri ponggawa rukun
Taya hiji nu mungpang
Adil tara pilih kasih
Humanggepna teu pisan dibeda-beda

Pupuh Kinanti

77. Galur catur cara pantun
Cik tunda balikeun deui
Malar rambat caritana
Pinuju keur sugih mukti
Beurat beunghar suka manah
Abdi-abdi senang ati

78. Nyaeta Dalem Panjalu
Keur ngaraos-raos galih
Lajeng bae miwarangan
Hiji Mantri nyaur Patih
Utusan enggeus bral mangkat
Ka Kapatihan geus nepi

79. Teu lila Den Patih jebul
Sarta kairing ku Mantri
Lajeng bae ngadeuheusan
Nyembah hurmat sarta talim
Kieu numatak diogan
Putra rek aya badami

80. Mang Patih manawa rempug
Abdi sarta para mantri
Kumaha lamun miwarang
Ka rama nyuhunkeun idin
Rek ngutus sahiji jalma
Ka Jampang ki Budi Sakti

81. Maksud hayang bedah situ
Teu wani samemeh idin
Den Patih cengkat unjukan
Ulah panjang dipigalih
Rempag ngiring ka dawuhan
Sakumaha karsa Gusti

82. Enggal bae lajeng nyaur
Ka ngaran ki Budi Sakti
Gancang maneh geura leumpang
Ka rama nyuwun paidin
Kitu maneh nya unjukan
Nuwun putusan nu pasti

83. Utusan harita geus jung
Leumpang gancang gusak gasik
Teu kacatur di jalanna

Ka Jampang catur geus nepi
Kasondong Sang Prabu lenggah
Dideuheusan abdi-abdi

84. Ngareret ningal ka pungkur
Aya Kai Budi Sakti
Kagetna nanyakeun beja
Dina sajero panggalih
Lajeng Sang Prabu mariksa
Ka Kiai Buni Sakti

85. Maneh teh ngemban piutus
Atawa karep pribadi
Cung nyembah bareng unjukan
Nun sumuhun dawuh Gusti
Sayaktos ngemban timbalan
Diutus ku putra Gusti

86. Saprakawis kapiunjuk
Salam sembah putra Gusti
Dua nuju kasugengan
Berkahna pengestu Gusti
Putra putu sadayana
Titip sembah pangabakti

87. Prakawis anu katilu
Panuhunan putra Gusti
Sanget mugi karilahan
Upami bae teu idin
Paduka dilungsur lenggah
Ka Panjalu kedah linggih

88. Palay kersa bedah situ
Sareng rempag para abdi
Sakitu piunjuk putra
Dijereh beres salesih
Teu aya anu kaliwat
Sacatur Ki Buni Sakti

89. Ku Sang Prabu kapirungu
Sapiunjukan Kiai
Henteu panjang dipimanah
Lajeng nyaur Sri Bupati
Eh Buni Sakti ayeuna
Bedah situ kami idin

90. Prakara kami dilungsur
Ka Panjalu moal indit
Kajaba ieu nitahan
Ka Arya Kancana wakil
Tugas dawuhna Sangiyang
Ka Kiai Buni Sakti

91. Amit matur bade mundur
Nuwun idin pangkon Gusti
Ayeuna abdi rek mangkat
Sangiyang ngalahir deui
Sukur bral mangkat tiheula
Popoyan rai pandeuri

92. Leumpang gancang gira giru
Keupat bari gadag gidig
Di jalanna teu dikocap
Kocapkeun bae geus nepi
Ngemban putusan ramana
Ka Kiai Buni Sakti

93. Ka Panjalu enggeus cunduk
Lajeng dumeuheus ka Gusti
Kasondong eukeur seseban
Bareng jeung para ponggawi
Keur misaur anu leumpang
Nyaeta Ki Buni Sakti

94. Geus kitu Kiai jebul
Kapayunan Sri Bupati
Sang Prabu lajeng mariksa

Mana lila-lila teuing
Ku kula didago pisan
Kuma dawuh rama aki

95. Aki cung nyembah piunjuk
Prakawis situ geus idin
Kadua rama teuiasa
Kajawi wakil ka Rai
Ka Raden Arya Kancana
Teu sareng masih pandeuri

96. Wewekas anu katilu
Geus henteu diwiri-wiri
Ka sakabeh kulawarga
Sarta para abdi leutik
Kajaba gan sih pandunga
Lahir tumekaning batin

97. Tina geus kaburu waktu
Ngantos rai tacan sumping
Situ Lengkong lajeng bedah
Lilana geus tilu peuting
Rame cekcok jalma lintar
Awewe lalaki nyiar

98. Kerad bubu sarta susug
Pakakas parabot jalmi
Nya kitu deui laukna
Rea sarta teu kawincik
Nilem corengcang jeung kancra
Betok hampal gĕde leutik

99. Rea warna rupa lauk
Boncel lele rea sami
Gurame kulinyar rea
Tawes beureum panon deui
Teu kaserat sadayana
Sigeg nu kear resmi galih

100. Raden Arya Kuning emut
Ka omong Ki Buni Sakti
Rai teu diantos heula
Ieu aing kuma teuing
Tangtu Rai sakit manah
Euh aki papageun deui

101. Tunda catur anu nyusul
Sigeg lampah Buni Sakti
Ngocapkeun deui di Jampang
Ngempelkeun ponggawa abdi
Nu baris ngaderek putra
Ka Panjalu jadi wakil

102. Den Arya lajeng disaur
Lajeng nimbalan sakali
Ayeuna teh kudu leumpang
Minangka jadi wawakil
Gancang ayeuna sadia
Bareng sakabeh pangiring

103. Jeung poma Eneng di ditu
Raka rai mangka rapih
Ulah rek nyieun kacuwa
Pikacuwa dinu leutik
Sakitu weweling Ama
Diregepkeun beurang peuting

104. Raden Arya lajeng munjung
Pamitan bade rek indit
Rea nyandak wadyabala
Bareng dua senapati
Jenenganana pun Kojal
Kodal kaduana deui

105. Harita angkatan geus jung
Ngeungkeuy ngaleut anu ngiring
Henteu kocap di jalanna

Cunduk catur enggeus sumping
Kana tempat patanahan
Tata eukeur baris linggih

106. Pakeprukan nyieun saung
Pasanggrahan geus tarapti
Ngaguruh soara jalma
Cekcok jalma kuring leutik
Kocap rame ku soara
Mana nelah ka kiwari

107. Sindang Rame geus kamashur
asal purwa eta tadi
Keur jaman Arya Kancana
Nalikana angkat mampir
Lebah dinya raramean
rame sora abdi-abdi

108. Sinigegkeun nu ngarungrung
Nu masanggrahan di pasir
Nyaritakeun anu mapag
Utusan Aria Kuning
Di jalan enggeus patepang
Dina pasanggrahan tadi

109. Enggalna Kiai matur
Kanu sami eukeur linggih
Nu lenggah di pasanggrahan
Hatur pangapunten Gusti
Diutus ku tuang raka
Aria Kuning Bupati

110. Enggal dilungsur ka situ
Raka ngantosan di hilir
Sumangga ayeuna angkat
Sasarengan jeung pun aki
Kojal Kodal geus sadia
Abdi abdi sami ngiring

111. Ti pasanggrahan enggeus jung
Angkat nerus pinggir cai
Di jalan teu sumpang simpang
Kajawi ningal nu nyair
Ningal polah popohonan
Nu kagungan teu dihiding

112. Geus henteu beunang diharu
Kaus rusuh kuring-kuring
Tina ningal lauk rea
Lepas kaisin karisi
Rea jalma ditarajang
Teu eling bawaning nyair

113. Patubruk parebut lauk
Rea nu muntel ka samping
Lantaran nuditarajang
Lain lantaran teu eling
Leungit kaera wiwirang
Jalanan parebut milik

114. Cig tunda deui picatur
Lampau Den Aria tadi
Nu rek nepangan rakana
Cunduk sumping tebeh hilir
Tempat palinggihan raka
Nya Raden Aria Kuning

115. Sempal sakedap picatur
Adat lumbrah enggeus galib
Geus biasa kuring menak
Mun kadarat tangtu tiris
Kaleresan Den Aria
Hanjat sabab tina tiris

116. Lungsur maju kana saung
Ngaraos salira tiris
Senang manahna sideang

Dua panangan dibingbing
Jeung dua deku sampean
Sapertos tangan dibingbing

117. Sigeg Den Arya dicatur
Sareng Kai Buni Sakti
Badami heula sakedap
Perkara eta nu ngiring
***)

118. Jurung titah bae mundur
Ka pasanggrahan nu tadi
Kana ngadago di dinya
Cumahnya lajengna ngiring
Bedah situ enggeus lawas
Gan mo hade teu pinanggih

119. Nu ngaderek geus warangsul
Ditimbalan wangsul deui
Di Sindang rame ngantosan
Ngadago timbalan kami
Upama aya pangogan
Mangka gancang buru kami

120. Den Arya lampahna laju
Tilu jalma anu ngiring
Ki Kojal jeung Aki Kodal
Katilu Ki Buni Sakti
Rawuh ti pungkureunana
Ku rakana teu ditilik

121. Jongjon madep kana hawu
Surti wadi teu digalih
Salah nyana teu dimanah
Tebaring nu lantip budi
Pikeun maju anggur ngejat
Mungkur kantun Buni Sakti

***) kurang dua padalisan

Pupuh Pangkur

122. Ngojengkang ngetak manahna
Kutan kitu kakang Aria Kuning
Boro jauh ge dijugjug
Anggang ti Jampang datang
Ngemban mangkon jadi sulur Rama Prabu
Nyana bakal dipiwarang
Ahir bet teu sudi teuing

123. Sidakep sinuku tunggal
Den Aria salirana ngagidir
Napsu kaduhung teu lipur
Duh kacida dan badan
Lajeng luncat ti sisi situ ti kidul
Ngular ngawahan Ciluncat
Nelah datang ka kiwari

124. Rahaden Arya Kancana
Lajeng angkat ti Ciluncat ka hilir
Anu eukeur pundung nguwung
Bol lenggah mamanahan
Anu mantak ayeuna mashur kasebut
Pecat Obol ngaran tanah
Nelah dungkap ka kiwari

125. Lenggah barina ngamanah
Reujeung dua panakawan nu ngiring
Kojal Kodal henteu kantun
Duh aki kuma urang
Pilampaheun urang mana nu dimaksud
Urang lampah diwiwirang
Ku aki meureun kapikir

126. Tadi lampahna siloka
Dihartian ku kami jero pikir
Meberkeun ramo sapuluh
Kieu aki surtina
Henteu lian sarua ramo sapuluh

Harti urang kudu boga
Ngadasa milih pribadi

127. Hatur aki langkung karsa
Panuhun mah ulah lajeung panggalih
Pundung nguwung kanu sepuh
Teu sae balukarna
Kitu deui madah ulah jadi bendu
Gamparan langkung waspada
Kuma karsa rek diiring

128. Teu dianggap panghulakna
Maksa bae angkat maju ka hilir
Geus cunduk kanu diuntup.
Leresan situ anyar
Tuluy ngadeg dina junggrang . . . .
Ka eta Kojal jeung Kodal
Iyeuh Kieu karep kami

129. Ieu situ anu bedah
Urang saeur ku taneuh tina pasir
Tapi maneh teh narangtung
Ki Kojal nu ti girang
Ari Kodal ti hilir jadi kurucuk
Kami rek leumpang sorangan
Ngeduk taneuh tina pasir

130. Den Aria nanjak angkat
Rek ngurugkeun taneuh nu dina pasir
Lajeng peucut teh dikeduk
Ku tangan duanana
Geus paragat sabidang gupitan pinuh
Kocap nu keur rame pisan
Cai geus cunduk ti hilir

131. Gegher ribut-ribut nu di girang
Nu gebruggan jalma hanjat nyalingkir
. . . sabab mantak sundul

Sang Prabu teh . . . .
Tina sabab jalma haranjat paribut
Keru . . . teh katingal
Tipungkur Ki Buni Sakti

132. Tacan kaburu mariksa
Tadi Aki leumpang mapagkeun Rai
Kaburu kasusul situ
Lajengna dipiwarang
Aki gancang malang siar aya urang
Tangtu pangbedahan rempag
Jung pariksa mangka sidik

133. Cedok nyembah Aki mangkat
Gusak gasik nyuksruk cai ka hilir
Rusuh bari manggul ruyung
Panugar keur pakakas
Henteu nyana kajaba tambakan urang
Catur cunduk ka tambakan
Kasondong Den Arya linggih

134. Aki utusan teu tata
Datang seblak peuntas diburak-barik
Ku Den Aria diburu
Mangke Aki heulaan
Tonggoy tungkul ku Aki henteu karungu
Ituh Kojal Kodal turun
Ulah diganggu ku Aki

135. Cengkat barina rumenghap
Rumanggasan ngadeuheus langkung ajrih
Mando tungkul bari sujud
Den Arya seg ngandika
Karep saha atawa Aki diutus
Pendetan kami diruksak
Hunjuk hatur Buni Sakti

136. Abdi gan damel lumampah
Ngalampahkeun timbalan raka Gusti
Sagek situ ngembeng nyundul
Numawi kumawasa
Cilakadar pun Aki yaktos diutus
Eta mah sadayadaya
Pun Aki sumeja ngiring

137. Gancang bae Aki mulang
Seg haturkeun ka raka Arya Kuning
Menggah anu nambak situ
Nya kaula rupana
Anu ngaran Arya Kancana geus mashur
Nadah sakumaha raksa
Beurang peuting sanggem ngiring

138. Ngayon tanaga sumangga
Rek ngayonan sanajan perang tanding
Aki kami moal mundur
Kitu pamenta kula
Gancang bae ayeuna mah geura mundur
Teu dicatur di jalanna
Kocap Aki enggeus nepi

139. Ka payunan Sri Bupatya
Lajeng matur Kiai Buni Sakti
Sewu nujadi bebendu
Laksa jadi dumuga
Menggah lampah tadi pun Aki diutus
mariksa halang harungan
Prantos dipariksa sidik

140. Sang Prabu kaget mariksa
Coba trangkeun naon sababna Aki
Numatak situ ngabendung
Aki nyembah unjukan
Nun sumuhun mugi ulah jadi bendu
Ulah panjang dipimanah
Rai paduka nu jahil

141. Margi kasondong jinisna
Den Aria Kancana eukeur linggih
Dina pencut patutungku
Sareng dua kawanna
Kojal Kodal nu ngaderek henteu kantun
Abdi leresan pendetan
Kojal Kodal nyaur abdi

142. Abdi teu tiasa maksa
Nugar notas dihalangan ku rai
Sesemon bendu kalangkung
Samalah pitungkasna
Dasas catas ulah-ulah ngajak gelut
Nangtang perang ka gamparan
Susumbar ka pangkon Gusti

143. Rep geuneuk pameunteu raka
Ngadangukeun hatur Ki Buni Sakti
Salira ngageter biru
Jawab bari sosoak
Geus pinasti titis peperang jeung dulur
Ieu poe ngabungsuan
Nungtung undur perang tanding

Pupuh Durma

144. Den Aria tambah ngetab mamanahan
Bendu jeung maras miris
Bet ieu balukarna
Hayu bae marulang
Nu di darat nu di cai
Pon anu anggang
Ulah aya nukari

145. Den Aria jengkar tina pamundayan
Ngungsi mulih ka negri
Henteu kocap di jalan

Catur bae dungkapna
Katepis wiring geus sumping
Sang Prabu nitah
Nimbalan nyaur patih

146. Raden Patih harita keur ngiring munday
Ku sabab tunggu negri
Utusan enggal mangkat
Henteu kocap di jalan
Ka kapatihan geus nepi
Patih mariksa
Rek naon maneh Mantri

147. Gubag geubig leumpang rurusuhan pisan
Rek naon maneh Mantri
Gedok nyembah unjukan
Nun sumuhun pariksa
Abdi ngemban dawuh Gusti
Nyaur Gamparan
Sareng kudu kairing

148. Raden Patih nganggo-nganggo geus sadia
Harita enggeus indit
Henteu kocap di jalan
Catur bae geus dongkap
Kapayuneun Sri Bupati
Seg ngadeuheusan
Nyembah jeung hormat taklim

149. Raden Arya Kuning teh lajeng ngandika
Eh kieu mamang patih
Anu matak diogan
Sae awon manahan
Hatur lapor Buni Sakti
Rai Aria
Di hilir nangtang baris

150. Enggeus terang kitu Aki caritana
Den Patih nganggres galih
Geus henteu bisa jawab
Upama kajadian
Raka rai perang tanding
Teu trang sababna
Saklangkung buta tuli

151. Henteu panjang ditetek awal purwana
Lajeng ngawalon Patih
Teu aya pangandika
Hal wiwahara dina
Abdi teu sumeja ngiring
Karsa paduka
Tarung narungan rai

152. Demi Allah abdi teu nagang karsa
Sumangga Gusti galih
Agung sihna hampura
Ieu hiji ibarat
Neukteuk curuk dina pingping
Awal ahirna
Teu bati teu ngajinis

153. Tah sakitu emutan abdi Paduka
Teu langkung karsa Gusti
Dihanggep henteuna mah
Unjuk mamanawaan
Kitu deui gebal Gusti
Teu ngalangkungan
Seja namengkeun diri

154. Sang Bupati mingkin ririh tambah nyengka
Cengkat pikiran edir
Tunggal papada jalma
Sarua anak bapa
Mustahil eleh ku adi
Nya geus mangsana
Urang lawan bae jurit

155. Ayeuna mah Patih gencang mepek bala
Budi pati sala mantri
Raden Patih geus mangkat
Ka paseban titimbal
Mere tangkara jeung nitir
Bari sosoak
Eh batur para mantri

156. Jalma-jalma nu deukeut nu anggang datang
Ngadenge tangkara nitir
Nanya silih tatanya
Naon ieu teh beja
Ribut pahibut geus nepi
Jog ka paseban
Kasondong juragan patih

157. Lajeng bae sadatangna wadya bala
Nimbalan abdi-abdi
Ulah aya nu tinggal
Sarta mawa pakakas
Tumbak pedang reujeung keris
Adat baheula
Poma masing tarampil

158. Sabab isuk urang kudu budal perang
Ngaderek sa bupati
Sakumaha karsana
Poma mangka tiyatna
Ayeuna geura baralik
Nyokot pakarang
Bral indit masing-masing

159. Tunda catur nu keur sadia pakarang
Sumusul timbalan deui
Sakabehna jalma
Karsa tacan laksana
Genah masih ngerik pikir
Kitu dawuhna
Kudu bedahkeun deui

160. Hayu urang budal marawa pakakas
Tutugar pacul linggis
Henteu lila sadia
Kuring menak daratang
Bade ngiring Raden Patih
Bapa bedahan
Harita keneh indit

161. Angkat ngulon ngaleut ngeungkeuy pababantay
Nu manggul nu ngajingjing
Parabotan pakakas
Baris ngabongkar natas
Kocap harita geus tepi
Kanu dimaksad
Enggal cukcek dikali

162. Geus teu tata santana pagaliota
Pacampuh jeung kuring leutik
Migawe papadaan
Taya basa santana
Sami bareng kuring leutik
Waktu harita Parosa-rosa abdi

163. Catur heula Den Arya nu sundel manah
Sirik galih tacan ririh
Lajeng nyaur ka Kojal
Eh maneh Kojal leumpang
Néang batur nu keur nganti
Bawa ti Jampang
Di Sindang Rame tadi

164. Aki Kojal cul nyembah pamitan leumpang
Sindang Rame nudiungsi
Teu kocap di jalanna
Ka sindang enggeus datang
Rame jalma abdi-abdi
Datang Ki Kojal
Kuma kersana Gusti

165. Gancang Kojal ka sakabeh titimbal
Ngemban dawuhna Gusti
Gancang kudu barudal
Disaur aya karsa
Ku kami kudu kairing
Ayeuna pisan
Ulah aya nu kari

166. Henteu lila wadya bala kabeh budal
Ti Sindang Rame indit
Bareng Aki Kojal
Teu kocap di jalan
Catur cunduk enggeus nepi
Ka Cinarakal
Kasondong Den Arya linggih

167. Kaleresan dina tanah Cinarakas
Mana nelah ka kiwari
Asalna raras manah
Ngan anak lalampahan
Bari nganti abdi-abdi
Harita datang
Tidinya lajeng ngalih

168. Kabeneran dina eta tempat lenggah
Ti beh kidul katingali
Jalma kuring jeung menak
Malah jeung papatihna
Nu digawe anu cicing
Eta maksudna
Lengkong rek dibedah deui

169. Lisan basa Den Arya ti kaanggangan
Tapi katingal teu tebih
Geus nelah ka ayeuna
Sukatingal buktina
Ningal jalma nu keur ngali
Natas ngabedah
Kalah butut moal jadi

170. Mana nelah Cibutut gelar ayeuna
Eta asal tina wangsit
Wangsit Arya Kancana
Jeung aya deui basa
Cieunteung ayeuna muni
Asal purwana
Di tempat eta linggih

171. Keur patingal jeung wadya bala rakana
Kaler kidul katingali
Tah ieu palinggihan
Cieunteung ngaran tempat
Malah nepi ka kiwari
Cieunteung nelah
Henteu kacatur deui

172. Rek tugen wadia balana nu datang
anu disaur tadi
Geus kumpul sadayana
Taya hiji nu tinggal
Sang hiang lajeng ngalahir
Ka sadayana
Pamaksud ieu aing

173. Anu matak gagancangan kami ngangon
Keur bancang pakewuh kami
Tah nujadi lantaran
Tuh nu ngawiwirang urang
Ku maneh meureun kaharti
Purwa asalna
Becik jadi buncelik

174. Geus teu tahan kami nyandangan amarah
Teu sudi nyanding kanyeri
Lamun tacan kalah mati
Jurit dina kalangan
Nempuh dulur Arya Kuning
Nuwala cidra
Ka kami nganyenyeri

175. Wadya bala nu ngiring nguping wewekas
Kaget matur para abdi
Aduh Gusti poma
Kitu manah ka raka
Atuh sakumaha teuing
Rama paduka
Tangtu bendu ka abdi

176. Mugi ulah gamparan kalalajengan
Ka raka nangtang jurit
Henteu sae pisan
Jadi gamparan sasar
Kasasar ku ngerik galih
Tiwas salira
Lara wirang enggeus yakin

177. Mangga Gusti ulah kirang nya ngamanah
Titih heula sing lantip
Mapan paribasa
Kaduhung tara tiheula
Hanjakal sok ti pandeuri
Adat lumbrahna
Sami sakitu deui

178. Sih hapunten kumawantun abdi conggah
Kana pangersa Gusti
Lain teu sumeja
Dumerek kana kersa
Sareh tadi rama weling
Ka sadayana
Jaga masing gumati

179. Gumatining jadi kieu balukarna
Duh Gusti kuma teuing
Den Arya ngandika
Geus maneh montong panjang
Hayu sakabeh arindit
***)

***) kurang dua padalisan

180 Lajeng angkat Raden Arya jeung sadaya
Taya tinggal sahiji
Angkat maju ngetan
Ti Cieunteung geus anggang
Kana pendetan geus nepi
Tambakan anyar
Di dinya sami linggih

181. Cag tunda nu lenggah dina tambakan
Sakedap selang deui
Carita nu nugar
Kuring menak teu tahan
Cape sami pikir risi
Pakakas ruksak
Linggih kocap ngajebil

182. Geus teu tahan pakakas tanaga beak
Teu kakaraeun teuing
Saakal tarekah
Enggeus henteu tumama
Tangtu aya nu ngawangsit
Kaluar basa
Dangiang nu ngadingding

183. Geura tingal ka wetan kana tambakan
Wadya bala geus ngabaris
Tangtu Den Aria
Jeung sarencang ti Jampang
Gancang urang ka Den Patih
Kudu uninga
Bilih teu katingali

184. Hiji mantri tina pangbedahan angkat
Muru nyondong Den patih
Kapendak keur lenggah
Mariksakeun bejana
Hatur uninga sim abdi
Boh teu uninga
Gamparan kanu baris

185. Keur panduga barisan putra di Jampang
Den Patih ingkah indit
Ka tempat pangbedahan
Bari ningal ka wetan
Katingal barisan sidik
Lajeng titimbal
Ka abdi para mantri

186. Tunda bae pangbedahan urang mulang
Geus montong diperduli
Eundeur sabaladna
Budal harita mangkat
Rusuh muru jero nagri
Kami salempang
Ras kabadami tadi

187. Jeung pamenta poma ulah rek barobah
Ngantos pidawuh Gusti
Kami rek unjukan
Nguninga lampah urang
Ngabedahkeun teu ngajadi
Kaburu budal
Guligahan risi pikir

188. Raden Patih enggal mangkat ngadeuheusan
Ngadeuheusan ka Gusti
Lampah teu lami dungkap
Geus aya di payunan
Unjuk sembah sareng talim
Lajeng ngandika
Eh kuma Mamang Patih

189. Enggeus bedah situ atawa teu acan
Kula teu meunang warti
Den Patih unjukan
Sumuhun pangandika
Mugi teu jadi panggalih
Hatur paduka
Kapangkon karsa Gusti

190. Nugar situ abdi henteu kajadian
Ari nu jadi margi
Reaning wagelan
Abdi-abdi teu tahan
Munjuk kadua prakawis
Abdi geus ningal
Barisan tuang rai

191. Abdi Gusti nyanggakeun sadaya-daya
Bade kumereb abdi
Ngiring kana karsa
Nuwung tigas dawuhan
Tidinya lajeng ngalahir
Teu libur mamang
Urang maju nangtang jurit

192. Enggal bae aeyuna geura sadia
Rigid giring abdi-abdi
Parabot pakarangna
Ulah aya nu tinggal
Sakabeh mangka tarampil
Samemeh mangkat
Sigeg tunda tacan rapih

193. Kocap heula nu keur nagang nangtang perang
Arya Kancana di hilir
Nu keur ngetab manah
Ngadago lawan datang
Pindah hanjat kana pasir
Dungkap ayeuna
Nelah Hanjatan yakin

194. Ngidul ngulon leresan dukuh unggahna
Sarencangna henteu kari
Nu candak ti Jampang
Kojal Kodal teu anggang
Palang dada senapati
Kojal jeung Kodal
Bareng natakeun baris

195. Tatan-tatan ngadago musuhna datang
Tunda kacaturkeun deui
Wadya bala raka
Eta nu di nagara
Geder pahibut rek indit
Ka pangperangan
Harita enggeus indit

196. Sang Bupatya jengkar sawadya balana
Lajeng bae ka hilir
Heurin usik jalma
Pakotrek pakarangna
Tumbak pedang tuya keris
Suduk jeung gobang
Kolewang reujeung tamsir

197. Cunduk rawuh ka tempat pikeun barisan
Kukuh tukuh caringcing
Ti kulon ti wetan
Barisan urang Jampang
Dua tempat sami baris
Kulon jeung wetan
Raka rai tarampil

198. Sami maju ka medan kana kalangan
Pada natakeun baris
Ti kulon ti wetan
Jalma pasoak-soak
Nangtang ngangsreg maju jurit
Geus henteu tata
Wetan kulon ngahiji

199. Geus pakepruk pakarang pedang kolewang
Nu nusuk nu nakis keris
Nu tedas ngalawan
Nu teurak ngajaropak
Bala raka rada sisip
Rea nu modar
Getih lir cai milir

200. Mana kocap tempat ranca nu harumpak
Mana tepi ka kiwari
Ranca Beureum nelah
Mayakpak getih jalma
Urang Jampang mingkin wani
Ngadu pakarang
Aya nu silih binti

201. Silih binti padupak reujeung baturna
Nu nonjok nu nampiling
Sarua wanina
Tacan aya nu kalah
Malah aya jalma hiji
Ngaran pun Kojal
Sisirig maju wani

202. Baksa gada ayoh maju papatihna
Den Patih maju wani
Sarua bedasna
Taya hiji nu kalah
Jebot Kojal ditampiling
Jedak digada
Mingkin Kojal tambah wani

203. Sigeg Patih Kojal keur perang tandingan
Kaselang sang bupati
Maju kana medan
Sosoak bari nangtung
Hayu maju perang tanding
Enggeus mangsana
Arek gada jeung adi

204. Gepruk campuh geus pada adu hareupan
Raka rai perang tanding
Ngadu kabedasan
Pada silih ayonan
Silih balang silih banting
Taya nu kalah
Wanina pada wani

205. Teu tumama kajayaan kabedasan
Ganti pada ngunus keris
Pakakas dilugas
Pada adu hareupan
Luncat Aki Buni Sakti
Megat di tengah
Ngomong sing emut Gusti

206. Mingkin tambah ka Buni Sakti benduna
Hiling anggur mah nyingkir
Nyingkah taya pedah
Jor pindah kanu anggang
Buni Sakti nyingkir mikir
Ras ka ramana
Pisakumaha teuing

207. Lajeng lumpat ka Jampang henteu pamitan
Lampah Aki leumpang gasik
Teu kacatur di jalan
Kocapkeun bae dongkap
Kapayunan sang Bupati
Lajeng mariksa
Rek naon maneh aki

208. Unjuk sembah Buni Sakti ngawalonan
Sumuhun dawuh Gusti
Rehna para putra
Ana rung kala baya
Prang tanding raka rai
Langkung cucuhna
Nuwun pang dangdang Gusti

Pupuh Dangdanggula

209. Sangyang Prabu ngalahir jeung manis
Henteu panjang putra dimanahan
Lajeng ngadawuhan bae

Den Kampuh Jaya saur
Henteu lami nu disaur sumping
Den Kampuh ngadeuheusan
Geus aya di payun
Sanghiang lajeng ngandika
Anu matak maneh diogan ku kami
Taya geusan percaya

210. Rehna aya lampah Buni Sakti
Cacarita lampahna barudak
Ayeuna keur perang songkol
Geus teu beunang diharu
Dipisah ku Buni Sakti
Kalampah minangsraya
Aki menta tutur
Ayeuna urang wayahna
Sing hiyatna ka Panjalu kudu indit
Nyapih eta barudak

211. Jeungna deui saenggeusna nyapih
Kudu nyaksi ka sawadaya bala
Prakara tua anom
Puma ulah rek gugup
Tanya deui masingna titi
Asal purwa pasea
Awal mula gelut
Lamun geus terang asalna
Sala siji nu kalah pamenta kami
Kudu bawa ka Jampang

212. Anu meunang di Panjalu cicing
Saha bae jadi gagantina
Anu neruskeun kaprabon
Tetep jadi Tumenggung
Kitu deui kuring-kuring leutik
Ti Jampang bawa mulang
Lah aya nu kantun

Wadya bala anu tinggal
Pon ajakan tetepkeun ulah rek gindi
Ngaula kanu anyar

213. Tah sakitu eta weling kami
Ka barudak nya ka Kampuh Jaya
Poma-poma ulah poho
Ayeuna mah geura jung
Bareng leumpang jeung Buni Sakti
Lajeng Den Kampuh Jaya
Nuwun idin Ratu
Cul nyembah bari ngunjungan
Lajeng pamit kadua ki Buni Sakti
Ti Jampang lajeng mangkat

214. Bareng angkat jeung ki Buni Sakti
Turut jalan bari papariksa
Ku Buni Sakti dijereh
Teu aya nu kalangkung
Purwadaksi raka jeung rai
Dungkap wekasanana
Taya nu kaliru
Den Kampuh Jaya miarsa
Caritana eta aki Buni Sakti
Mingkin angkatna gancang

215. Raden Kampuh Jaya tembah gasik
Silir macan muru papanganan
Hayang beh tina hawatos
Kaduhung mun teu nyusul
Panasaran lamun balai
Bakal kinadah lampah
Luput nu dimaksud
Dua putra muga-muga
Kasampak walagri pada rapih-rapih
Ririh dina pangprangan

216. Enggal kocap Kampuh Jaya sumping
Bade misah nyapih nu keur perang
Ka Panjalu enggeus anjog
Anjog ka pinggir situ
Tuluy leumpang maju ka hilir
Di jalan sumoreang
Ka kenca ka katuhu
Barina ngamanah-manah
Pikeun nyapih nu keur perang tanding
Tanwande gagal baha

217. Raden Kampuh Jaya nyaur deui
Ka Ki Buni Sakti menta rempag
Urang buru tongtak bae
Buni Sakti ngawangsul
Leres kitu sim kuring ngiring
Enggalna Kampuh Jaya
Buni Sakti cunduk
Dungkap ka kalangan perang
Masih nyampak enggeus pada nyangking keris
Kaburu ti Jampang datang

218.Kampung Jaya ningal giris miris
Ngejat luncat ka tengah ngahadang
Huwak hoak ngetan ngulon
Ka putra nu keur tarung
Raden Kampuh Jaya ngalahir
Gusti mangke eureunan
Poma masing emut
Sumangga gan nanggah heula
Barang ningal sidik Kampuh Jaya sumping
Kaget sami nyondongan

219. Dua putra enggeus sami linggih
Katiluna Raden Kampuh Jaya
Ki Buni Sakti ngagedig
Opatan patutungku
Para Putra risi panggalih

Ngetak ngamanah lampah
Kaduhung ku napsu
Bener omong paribasa
Nu kaduhung tara datang di pandeuri
Ayeuna katemahan

220. Raden Kampuh Jaya pok ngalahir
Ka Den Arya Kancana raina
Den Arya Kuning saderek
Pun Paman muwun malum
Mugi ulah jadi panggalih
Naros asal lantaran
Awit purwa rusuh
Jeung saderek mumusuhan
Mapan aya wasiat aki pamali
Mantak pajauh bagja

221. Dua putra walon sami isin
Lalampahan anu geus kasorang
Sadaya geus rumaos
Margi tina kalangsu
Sungkan wirang bijil ati dir
Dirangsang ku amarah
Bijil hawa napsu
Tah kitu awal mulana
Jisim kuring serah pati neda hurip
Teu langkung karsa mamang

222. Kampuh Jaya nyaur sarta manis
Sih hapunten salira gamparan
Runtut rentet jeung saderek
Rempug rukun sing lulus
Raka rai masingna rapih
Pituah para sepah
Ayeuna kasebut
Kadarat jadi salebak
Sauyunan ka cai jadi saleuwi
Kitu pok-pokanana

223. Sayaktosna pun paman dumugi
Kehareupan ngemban dawuh rama
Pun Paman gandar masakon
Numawi Paman cunduk
Dikersakeun jadi paripih
Nyapih nya anjeun pisan
Nya ayeuna cunduk
Baha teu baha dipaksa
Dipariksa pun Paman jadi wawakil
Bijil ngalih panggonan

Pupuh Mijil

224. Mangga agan sami ngalih linggih
Ulah dina jontor
Nusa leutik tuh bedah ti kaler
Saayana abdi kuring leutik
Sarta para mantri
Poma ulah kantun

225. Wadya bala sadaya ngariring
Bade ngalih enggon
Hanteu lami budal pindah kabeh
Kana tempat nusa sireum sumping
Abdi kuring leutik
Tetebah pahibut

226. Sadayana pra mantri lalinggih
Nu tua nu anom
Beres entep ngaderek parele
Teu paselang paselap nu calik
Mantri sami mantri
Pra sepuh ti payun

227. Enggeus rintih rapih nu caralik
Den Kampuh wawartos
Ngawartaan ka sakabeh bae
Enggeus teu rek diwiji-wiji

Rek menta disaksi
Kudu rempug rukun

228. Rehna kula diutus ku Gusti
Ti Jampang sangkantong
Tah ayeuna ku kula dijerek
Supayana mambrih jadi rapih
Raka sareng rai
Maksud runtut lulus

229. Raden Kampuh Jaya pok ngalahir
Den Arya ditaros
Ieu saha anu kagungan teh
Purwa asal nu gaduh milik
Raden Arya Kuning
Kuring anu gaduh

230. Asal tadi kuring nampi milik
Ti rama sayaktos
Wasiatna nalika seseleh
Ditetepkeun jadi milik kuring
Jeung pangkat bupati
Lungguh di Panjalu

231. Mapan bukti dungkap ka kiwari
Mangkon milik Lengkong
Tina kuring kumawani soteh
Lain pisan edir sirik pikir
Julig ati dengki
Eta jeung pun dulur

232. Kasigegkeun Den Aria Kuning
Jadina carios
Raden Arya Kancana digedeng
Raden Kampuh Jaya mariksa deui
Tuh tambakan hilir
Saha nu ngabendung

233. Raden Arya Kancana ngalahir
Yasa kuring yaktos
Mula tadi nuju pikir supe
Kapanasan jeung kapikir gilig
Galagating diri
Jalaran takabur

234. Geus rumaos lampah jisim kuring
Ngalanggar papangkon
Tah sakitu nu tadi direreh
Demi Allah teu munepak kuring
Sumawona dengki
Ngiring karsa sepuh

235. Saur dua putra geus kaharti
Sadaya kahartos
Raden Kampuh Jaya nyaur bae
Ka raka Raden Aria Kuning
Bilih kotok meuting
Paribasa sepuh

236. Mangga geura pendet deui ti hilir
Kagungan geus kosong
Geus kasundul kasumbang anjeun teh
Raden Arya Kuning seg ngalahir
Paman kajeun teuing
Simkuring teu sanggup

237. Paman ontong panjang dipilahir
Geus kantenan kawon
Ayeuna mah kuma karsa bae
Sakarsa paman diiring
Den Kampuh weweling
Poma ulah bendu

238. Sewu sukur kamanah ku Gusti
Nu sae nu awon
Jail dengki wantu jeung saderek

Kawajiban urang bela pati
Raka sareng rai
Lulus runtut rukun

239. Raden Kampuh Jaya nyaur deui
mugi sing kahartos
Jeung liana saksi-saksi kabeh
Marga sabab ayeuna geus yakin
Rucita rerepih
Kula anu mutus

240. Jempe repeh abdi-abdi nguping
Den Kampuh papagon
Papakep nu meunang nu eleh
Lampah dua putra raka rai
Tadi rebut milik
Perkara di situ

241. Mangga rungu ulah jadi galih
Paman darma pakon
Terang welan gamparan nu eleh
Nu digiring kasundul ti hilir
Pasti milik rai
Patut reujeung hukum

242. Para Mantri sarta kuring leutik
Kudu pada ngartos
Tadi anu ku urang dijerek
Maneh tangtu enggeus pada harti
Dén Aria Kuning
Kalapuh ku situ

243. Raden Arya Kancana nu nampi
Paduna teu kawon
Tigas tatas mutus geus parele
Raden Kampuh Jaya nyaur deui
Ka Aria Kuning
Reh Paman diutus

244. Kieu dawuh tadi Rama Gusti
Ti Jampang Sang Kantong
Sala siji putra anu eleh
Kudu bawa pun Paman nu ngiring
Kitu dawuh Gusti
Karsana kulanun

245. Anu meunang milik kudu cicing
Ngagentos bupatos
Kaayaan banda ka sakabeh
Salir barang pangeusi negri
Pasrahkeun sakali
Dawuna kulanun

246. Nganggres melas Den Arya Kuning
Lajengna ngawalon
Jisim kuring sumeja ngaderek
Karna karsa dawuh Rama Gusti
Sumeja dek ngiring
Ka Paman kulanun

247. Moal mungpang baha jisim kuring
Ka karsa sang Katong
Geus rumaos jisim kuring eleh
Kamilikeun ka salira rai
Sanget sembah puji
Sukur ka Yang Agung

248. Sigeg tunda Den Aria Kuning
Raina carios
Raden Arya Kancana nu anom
Mangga majeng ka payun be ngalih
Pun Paman rek weling
Ngemban rama Prabu

249. Reh ayeuna geus dihin pinasti
Karsa rama yaktos
Titis tulis salira anjeun teh

Sinugrahan ngagentos bupati
Tetep mangkon negri
Dayeuh di Panjalu

250. Jeung masrahkeun sapangeusi nagri
Sareng Situ Lengkong
Katiluna pusaka sing hade
Kudu riksa pariksa sing resik
Kaopatna deui
Dawuh Rama Prabu

251. Para Mantri abdi kuring leutik
Kudu sapagodos
Runtut rukun mambrih jadi hade
Ulah kirang pepeling ka abdi
Saliring panggalih
Ulah pagalituk

Pupuh Magatru

252. Nyelang heula sakedap gentos dicatur
Den Kampuh Jaya pek malik
Pok nyaur ka kabeh batur
Kami ngemban dawuh Gusti
Dawuh ti Jampang Sang Kantong

253. Sakalian netepkeun gentos Tumenggung
Arya Kancana bupati
Lungguh jeneng di Panjalu
Ngawulakeun abdi-abdi
Menak kuring tua anom

254. Kami pasrah sakarsa ku maneh turut
Ulah pasalia pikir
Kumaula masing suhud
Regepkeun papatah kami
Ngadep saregep tawalo

255. Tah sakitu teu panjang kami miwuruk
Simpen titip dina ati
Ditungkus dina jajantung
Urang kudu lantip budi
Diimankeun ulah poho

256. Praponggawa abdi leutik nyusul hatur
Sarehna nampi weweling
Wuwulang sarewu nuwun
Pangasih ka diri abdi
Muga-muga ulah poho

257. Puji sukur kumaula masing tutug
Teu genah kami rek pamit
Pamitan kami rek mundur
Ka Jampang geus lila teuing
Bilih Sanghiang ngabendon

258. Lajeng hatur Kampuh Jaya ka sang Ratu
Pun Paman dek pamit balik
Bade muru Rama Prabu
Ka Jampang nuwunkeun idin
Tangtu Rama ngantos-ngantos

259. Raka rai harita masih ngariung
Kampuh Jaya Buni Sakti
Patutungku bari munjung
Raka rai sami nangis
Rai nyuuh kana pangkon

260. Keur pamitan rakana bari sumegruk
Rai Kakang kuma teuing
Melangna mah liwat langkung
Gan pamugi-mugi rai
Salamet ngemban kaprabon

261. Sewu nuwun pidawuh Raka sakitu
Laksa keti abdi nampi
Menggah Raka bade kundur

Demi Allah ati abdi
Teu benten katilar maot

262. Gan pamuga Rai nuhun lambat-lambut
Ngaulakeun abdi-abdi
Jadi Tumenggung Panjalu
Ulah supe siang wengi
Pandunga Raka diantos

263. Raden Kampuh cengkat nyusul hatur
Ka Raden Aria Kuning
Ayeuna sumangga kundur
Ka Jampang ka Rama Gusti
Tinggal kaprabon nu anom

Pupuh Sinom

264. Den Kampuh Jaya pamitan
Pun Paman seja rek balik
Poma Putra sing hiyatna
Geus nyepeng jadi bupati
Poma masing nastiti
Nyepeng dayeuh di Panjalu
Poma ulah lalawora
Ngageuingkeun abdi leutik
Tah sakitu piwulangna tuang rama

265. Poma ulah pasanakan
Ka menak ka kuring leutik
Kudu rata pangadilan
Hukum agama pulisi
Ulah rek pilih kasih
Kudu adil ngahukum
Pon lamun kulawarga
Ulah rek dipilih-pilih
Nya nerapkeun hukuman masingna rata

266. Rupa bahan patanahan
Kudu garap mambrih hasil
Nyaeta ku pepelakan
Nu aya pedahna hasil
Sadaya abdi-abdi
Ulah mumul nya wuwuruk
Saliring pepelakan
Abdi-abdi boga milik
Keur ngajaga bab kipayah kahirupan

267. Jalan gawe jeung terusan
Pariksa miwarang mantri
Bisi aya karuksakan
Pikeun abdi wara-wiri
Jeung saliana deui
Bisi aya nu arurug
Tanah jalan jambatan
Urung-urung cukang awi
Bisi aya nu palid kabawa caah

268. Tigas Bismilah rek mangkat
Sareng Den Aria Kuning
Geus lami ngemban dawuhan
Bilih bendu Rama Gusti
Arya Kancana ngalahir
Sumangga putra ngajurung
Sareng unjuk ka rama
Sembah pangabektos kuring
Ulah supe nyuwun sih hibar pandunga

269. Den Kampuh Jaya bral mangkat
Sareng Den Aria Kuning
Mulih ngabujeng ka Jampang
Risi ningal nu diiring
Mesum jeung ngerik galih
Kawas anu pundung nguwur
Ngararas mamanahan
Ngawincik risining ati
Ngawawaas ngawawang benduna rama

270. Nyaur Raden Kampug Jaya
Ngawuruk Den Arya Kuning
Reh katingal sesemonna
Poma putra masing lantip
Budi manis parangi
Boh marah aya kaduhung
Sing emut kana kadar
Titis tulis enggeus pasti
Kudu pasrah rilah nya kanu kawasa

271. Duh emang asrah ti Allah
Demi Allah diri kuring
Gan henteu wantun mendakan
Kapangkon rama sim kuring
Pisakumahaeun teuing
Tanwande rama teh bendu
Rumaos kuring salah
Laku lampah waktu dingin
Tah sakitu nu jadi sumeblak manah

272. Pingkalihna hatur maap
Pamit rek nyimpang sim kuring
Rilah teu rilah rek maksa
Sanajan idin teu idin
Poma unjukeun kuring
Sewu nyanggakeun bebendu
Laksa jadi duduka
Saketi mugi katampi
Bebenduna sakarsa abdi rek ngangga

273. Raden musna tampakrana
Nyalira taya nu ngiring
Angkat karo wawayangan
Manah tambah-tambah nyeri
Angen sedih prihatin
Dumadakan mendak lembur
Leresan Sukapura
Lajeng Raden milu mukim
Kasigegkeun lami-lami hapuputa

274. Henteu panjang dipimanah
Ku Den Kampuh teu ditolih
Tapi ari manah melang
Sieun kabendon ku Gusti
Diwawar dina ati
Tangtuna sang Prabu bendu
Nya moal dikumaha
Pancen ngaulakeun Gusti
Lajeng mangkat enggal ngabujeng ka Jampang

275. Harita Den Kampuh Jaya
Sarta abdi kuring leutik
Ka Jampang sadaya datang
Lajeng dumeuheus ka Gusti
Unjuk sembah jeung talim
Ngesod mando sarta munjung
Munjukeun lalampahan
Sareh diutus ku Gusti
Ti Panjalu misah perang para putra

276. Diunjukkeun sadayana
Dijereh taya nu kari
Awal dungkap ka wekasan
Asal benci jadi rapih
Putra Gusti lastari
Anu jejeng di Panjalu
Raden Arya Kancana
Ngagentos jeneng bupati
Sarta rempag-rempug rukun wadya bala

277. Sareng piunjukna putra
Para mantri kuring leutik
Ngahaturkeun salam sembah
Lahir dumugihing batin
Sarean pangkon Gusti
Kaduana Rabul Gapur
Hakna nu murbeng jagat
Nganti-nganti siang wengi
Henteu sanes pandungana Kangjeng Rama

278. Sakitu piunjuk putra
Teu aya sanesna deui
Sareng menggah tuang putra
Rahaden Aria Kuning
Bareng mangkat jeung abdi
Waktu indit ti Panjalu
Nameng satengah jalan
Leresan Malangbong weling
Pokna Paman kaula moal ka Jampang

279. Ari sababna kaula
Tina sakalangkung ajrih
Teu wantun mendakan rama
Tanwande bendu ka kuring
Enggalna lajeng amit
Hanteu kenging dililipur
Diwejang direrema
Maksa bae putra indit
Ti simpangan Malangbong ngojengkang musna

280. Sigeg nu ngajengkang musna
Henteu dikocapkeun deui
Sanghiyang lajeng ngandika
Prakara Aria Kuning
Ontong panjang dipikir
Urang ngan darma ngagaduh
Kajaba urang pasrah
Pati urip ka Yang Widi
Pasrah lila ud anak kaslametan

281. Taya geusan panasaran
Atawa sumelang ati
Gan aya oge pikiran
Mungguh ngaulakeun lahir
Ria risining ati
Melang kanu di Panjalu
Raden Arya Kancana
Jumeneng kana bupati
Supayana urang senang mamanahan

282. Teu lian kamelang urang
Coba pikir masing lantip
Kieu maksud pakarepan
Ulah jadi sakit ati
Wayahna bela pati
Kudu pindah ka Panjalu
Taya geusan percaya
Jagarucita karisi
Sieun masih barudak gan pikirna

283. Cul nyembah Den Kampuh Jaya
Leres pangandika Gusti
Abdi sumeja ngaula
Siang wengi karsa Gusti
Kumereb satya ati
Kajawi dawuh Sang Prabu
Sanghiyang seg ngandika
katarima lahir batin
Kasatyaan kumaula Kampuh Jaya

284. Sep geus taya hinggana
Hutang panarima kami
Tacan bisa nyambung dahan
Gan pangasih jero ati
Sugan baringsuk pagi
Kami bisa naur kaul
Sagala kacintaan
Masih jadi buah ati
Muga-muga diahirna kalaksanan

285. Gan ieu sahiji tanda
Hibah rek diganti nami
Supayana kasaksian
Ku sakabeh abdi-abdi
Sarta ponggawa mantri
Supaya papada ma'lum
Ete jeneng ayeuna
Nya Rahaden Guru Haji
Ibaratna kurnia bintang landian

286. Unjuk sembah sadayana
Rempag pangandika Gusti
Nami Kampuh Jaya musna
Guru Haji anu bukti
Ngalandi geusan saksi
Landian anyar nu mashur
Guru Haji unjukan
Raos sakalangkung ajrih
Gedok nyembah nampi pasihan Paduka

287. Disangga ku asta dada
Ditampi ku ati suci
Siang wengi moal hilap
Dianggep dipusti-pusti
Landian abdi tadi
Dipuja dipunjung-punjung
Diruat dirawatan
Ditampi pangasih Gusti
Pangandika mernah di embun-embunan

288. Sim kuring weling sakedap
Ka ahli pameget istri
Nya ieu babad turunan
Putra putu pangkon Gusti
Poma masing gumati
Nurut lampah nu karuhun
Mugina kalaksanan
Kumereb setya ka Gusti
Mapan bukti pasondong jeung mamanisna

Pupuh Dangdanggula

289. Unjuk hatur Raden Guru Haji
Sarta talim lajeng bae ngaras
Kapangkon dampal Sang Kantong
Kulanun abdi munjuk
Nuwun jiyad Paduka Gusti

Sadaya kalepatan
Mugi sih pamalum
Dihampunten kalepatan
Salir dosa anu ageung anu alit
Panduka ngahampura

290. Hanteu sanes siang sarta wengi
Mung paduka nu dipuja-puja
Nu jadi gumantung hate
Disangga dipupunjung
Tina harja adil binangkit
Ka abdi ponggawana
Pon ka putra putu
Teu aya pisan hinggana
Kasaean mungguh nyepeng abdi leutik
Piwejang pangasihna

291. Geus kadangu hatur Guru Haji
Ku Sanghiyang Prabu Boros Ngora
Geus dihampura sakabeh
Pamit Raden angkat jung
Jeung sadaya abdi nu rek ngiring
Sumawon kulawarga
Sadayana milu
Ngajajapkeun anu pindah
Wantu-wantu keur pamili cantik manis
Pisah mindah panggonan

292. Catur lampah di jalanna deui
Kuring menak jadi saaleutan
Ngaleut ngeungkeuy nu ngaderek
Angkatna teu paseluk
Para menak campur jeung kuring
Sajalan sukan-sukan
Sowara ngaguruh
Para amtenar ngagakgak
Para abdi bawaning ku suka ati
Aya nu bobodoran

293. Bungah manah Raden Guru Haji
Jeung garwana bareng para putra
Putu kaponakan kabeh
Tutunggangan kacatur
Warna rupa henteu diwincik
Aya nu tunggang kuda
Nu joli nu tandu
Aya nu jalan badarat
Para menak pameget sartana istri
Tandu grebong tunggangna

294. Sigeg catur enggeus lami teuing
Nu di jalan henteu dicarita
Sanes pasal kacarios
Catur Raden Tumenggung
Mangun suka keur seneng galih
Raden Arya Kancana
Nu mangkon Sang Prabu
Teu lian wulang piwejang
Diimankeun wuruk Kampuh Jaya tadi
Dianggap salamina

295. Sigeg heula catur nu rek sumping
Keur di jalan ngutus hiji jalma
Tiheula hatur carios
Nu diutus enggeus bul
Tuluy hatur sembah ka Gusti
Abdi awon pisembah
Rama bade rawuh
Moal lami oge dungkap
Raden Guru Haji ka payunan Gusti
Sareng sagarwa putra

296. Bingah kaget sayagi nu sumping
Sang Bupatya enggalna titimbal
Pahurmatan jeung karasmen
Calung pantun jeung angklung
Tarawangsa reujeung karinding

Suling tarompet penca
Badingdang nu pungkur
Melas melis tarompetna
Pikeun mapag ayeuna kudu arindit
Guru Haji ti Jampang

297. Jeung tambahan tarebang birahi
Saayana kopak sarta genta
Kekeprak reujeung keleneng
Disambung umbul-umbul
Kanan kiri lir katumbiri
Banderana paselang
Ti kenca katuhu
Kocap nu mapag geus mangkat
Sarta muni tatabeuhan asa kaindit
Campuh bareng nu surak

298. Henteu kocap di jalanna deui
Kacaturkeun harita patepang
Nu dipapag geus pasondong
Caturkeun bae maju
Enggeus dungkap ka jero nagri
Ear surak nu mapag
Campuh jeung tatamu
Sang Prabu kaget kaluar
Karsa mapag jebul Raden Guru Haji
Enggal lajeng dicandak

299. Enggeus lenggah Raden Guru Haji
Kantun istri putra nu di luar
Mindo kaluar Sang Katong
Nyumanggakeun tatamu
Para istri sumangga calik
Geus calik sadayana
Barengna Sang Prabu
Para mantri wadya bala
Di mandapa abdi-abdi kuring leutik
Hempak sami ngeureunan

300. Raden Guru Haji sembah talim
Lajeng ngaras ka pangkon ngunjungan
Dirontok sarta dikaleng
Duaan patutungku
Henteu nyana Paman bade ngalih
Putra saklangkung bungah
Teu nyana sarambut
Bisa papendak jeung Paman
Bareng bibi para kadang anu ngiring
Puji Alhamdulillah

301. Lajeng nyaur ka Ki Buni Sakti
Sarta rencang nimbalan sadia
Sangu wedang masih tereh
Baris suguh tatamu
Henteu lami enggeus sayagi
Katuangan ngabarak
Wedang bareng sangu
Di padaleman di luar
Seg ngadawuh Sang Bupati kanu calik
Nyumanggakeun dalahar

302. Nyelang matur Raden Guru Haji
Reh pun paman diutus ku Rama
Ngintun salamna Sang Katong
Pingkalih kapiunjuk
Menggah lampah pun Paman dugi
Sartana sarimbitan
Dungkap ka Panjalu
Purwadaksi kersa Rama
Ka pun paman reh Rama sumeja ngalih
Pun Paman kedah pindah

303. Anumawi ayeuna dumugi
Kahareupan palenggah gamparan
Pun paman bade dumerek
Mukim mangkon Panjalu

Wekas Rama jeneng papatih
Malah digentos ngaran
Pangasih Sang Prabu
Asal nami Kampuh Jaya
Karsa Rama digentos Den Guru Haji
Kitu pitungkas Rama

304. Sang Bupatya ngalahir jeung manis
Ka Den Guru Haji ngawalonan
Rewu laksa langkung atoh
Tambah bungah kalangkung
Henteu aya hinggana deui
Pangasih kanugrahan
Gede manan gunung
Gunung soteh ibaratna
Jero ati hakna dipasihan Patih
Guru Haji buktina

305. Para abdi nu ti Jampang masih
Dipayunan sami unjuk sembah
Abdi nuwunkeun permios
Ayeuna bade mundur
Bade mulang geus lami teuing
Sang Prabu angandika
Sukur geura mundur
Jeung titip sembah ka Rama
Henteu lian ngahaturkeun sembah bakti
Sarta nuwun pandunga

306. Tutas dawuh abdi-abdi indit
Sami mulang ngabujeng ka Jampang
Sigeg ayeuna carios
Nu kantun di Panjalu
Nya Rahaden Guru Haji papatih
Tacan ngalih panggonan
Masih di Kadatun
Lajeng miwarang tetebah
Para abdi harita paturon rapih
Samar nu anyar dungkap.

Pupuh Asmarandana

307. Caturkeun heula nu balik
Wadya bala nu ti Jampang
Sakedap rek dicarios
Turut jalan caturan
Nyaturkeun lalampahan
Keur waktuna di Panjalu
Ningal rea kaanehan

308. Resep resmi ninggal cai
Muter ngubeng padaleman
Horeng kitu ari Lengkong
Kongas kacaturkeunnana
Ka tatangga nu lian
Paingan mantak kayungyun
Ditinggal ti kaanggangan

309. Negri kaputer kucai
Padaleman dina nusa
Lengkong ngawengku karaton
Katon ningal perhiasan
Santosa perjagahan
Pintu jalan cukang padaung
Hurung tempat kapatihan

310. Di jalan teu kocap deui
Ka Jampang harita dungkap
Lajeng ngadeuheusan bae
Ka abdi nu ti Panjalu
Kuma beja lalampahan

311. Cul nyembah abdi pra mantri
Unjuk hatur lalampahan
Boyong nu ngalih parantos
Henteu aya kakirangan
Tetep di kapatihan
Panggenan ujung winangun
Prabot tugenah sadaya

312. Sanghiyang lajeng ngalahir
Puji sukur kasadaya
Sigeg nu pindah parele
Taya genah panasaran
Henteu sumelang manah
Gan pamuga lulus mulus
Mulya badan sampurna

313. Sigeg abdi para mantri
Harita sami bubaran
Didawuhan ku Sang Katong
Saimahna-saimahna
Budal ti padaleman
Sigeg di Jampang manggung
Panjalu putra carita

314. Den Arya nyepeng bupati
Guru Haji papatihna
Lami nyepengan bupatos
Carios rea putrana
Sarta dunya barana
Meh ampir henteu kaitung
Tina kareaan dunya

315. Kocap para putra tadi
Taya pisan nu tumandar
Kana lampah anu sae
Marga karuat ku dunya
Teu aya nu beriman
Kaliputan ku pangyuyu
Lepat manah kahurmatan

316. Rama gan sedih prihatin
Ningal lampah para putra
Taya nu salim nu saleh
Teu lian miraca barang
Anu jadi rebutan
Turta aing masih ujud
Angot mun aing geus ajal

317. Taya geusan seneng ati
Rea uang sugih barang
Bingbang manten nyeri hate
Tetela jadi mamala
Mahalana laksana
Diri sanubari guyur
Ngawangwang lampah barudak

318. Gan poma baringsuk pagi
Tah aing hibat wasiat
Ka anak-anak sakabeh
Sumawona kanu lian
Dikadar kanugrahan
Ulah maksud hayang punjul
Sakadar sandang jeung pangan

319. Ulah beunghar cara aing
Sabab enggeus katemahan
Di luhur enggeus dijereh
Henteu panjang dicarita
Tangtuna kalah papan
Patepung anu dicatur
Masih Den Arya Kancana

320. Lami nyepengna bupati
Sugemah di padaleman
Karaton di nusa Lengkong
Keur ngararas raras manah
Tina geus kasepahan
Nyepeng damel di Panjalu
Karsa sumeren ka Putra

321. Lajeng ngutus nyaur patih
Harita utusan mangkat
Ka kapatihan geus anjok
Den Patih lajeng mariksa
Maneh rek naon beja
Hatur gamparan disaur
Ayeuna ka padaleman

322. Raden Patih enggal indit
Ka padaleman geus dungkap
Lajeng ngadeuheus bae
Kasondong Sang Prabu lenggah
Dideuheus para putra
Para garwa putra putu
Kempala di padaleman

323. Sang Prabu lajeng ngalahir
Patih numatak diogan
Sarta barudak sakabeh
Kaula hibah ka Paman
Pasrah eta barudak
Sarta banda kaya urus
Sesesana ngulasara

224. Lajeng kaduana deui
Anak anu panggedena
Nyaeta Sanghiyang Teko
Nu nampa kabupatian
Jadi gegentos kula
Katelah Dalem Cilangkung
Nampi panjenengan Rama

225. Katilu ama weweling
Upama dungkap di mangsa
Ulah ingkah sejen enggon
Nyieun kaluat kuburan
Nyaeta pamakaman
Beulah wetan aya dukuh
Munar astana di nusa

326. Dumugi jaman kiwari
Gumelar dungkap ayeuna
Wujud sareatna yaktos
Tah pitutur tina babad
Sarta piwulang rama
Ngagalur tina pitutur
Ngantian gentos Ramana

Pupuh KInanti

327. Teu lami harita ngangluh
Lajeng wapat Sri Bupati
Ear garwa nu midangdam
Para putra anu nangis
Jebul Raden Patih dungkap
Titimbal kumpulkeun abdi

328. Para sepuh geus karumpul
Para mantri geus sarumping
Wadya bala geus daratang
Para istri garwa mantri
Santana reujeung memenak
Panghulu ketib jeung modin

329. Anu ngalayad Sang Ratu
Padaleman heurin usik
Pakepruk jalma di latar
Raracik baris paripih
Keur helaran ka astana
Upacara ngiring majid

330. Di lebet pahibut guyur
Para Putra rebut milik
Teu ngarapeda nu wapat
Teu eling kaweling tadi
Ka rama waktuna hibat
Para putra teu merduli

331. Wasiat anu kapungkur
Ayeuna kapanggih bukti
Dunya taya paedahna
Henteu mangpaat ka diri
Samalah hibat wasiat
Sang Prabu waktu ngalahir

332. Sigeg putra nu keur guyur
Mait ulah lila teuing
Sadia pikeun ngulasan
Para ahli ketib modin
Lajeng nyiraman palastra
Dibawa ngalih ka bumi

333. Parantos lajeng dibungkus
Sakuma adat talari
Lajeng mait disalatan
Saprantosna kana katil
Dicandak lajeng ka makam
Prantos ngurebkeun marulih

334. Sinigeg nu wapat putus
Henteu dikocapkeun deui
Bagi waris pahajatan
Henteu kacarita deui
Adat biasa lumampah
Cag ecag nuturkeun deui

335. Ari anu kapicatur
Pikeun gegentos bupati
Lulus nya putra nu calik
Raden Arya Kuning nami
Sabab keur jumeneng Rama
Geus hibat ka Raden Patih

336. Kasebat Dalem Cilangkung
Mashur dungkap ka kiwari
Mangkon panjenengan Rama
Sarta rempug abdi-abdi
Kuring menak wadya bala
Satya asih sugih mukti

337. Mangkon Tumenggung Panjalu
Kacarios lami-lami
Geus kagungan dua putra
Jaler kali sami pekik
Sami dedeg pangadegna
Santosa salira gilig

338. Nami dua putra mashur
Rakana nu nomor hiji
Rahaden Dulang Kancana
Adi nomor dua nami
Raden Kadaliru kocap
Ungel babad anu yakin

339. Sigeg Rama kapicatur
Lami nyepengna bupati
Keur ngamanah salirana
Ngararas yuswa geus ahir
Karsa seseren ka Putra
Manawa pareng jeung tulis

340. Lajeng bae sang Parabu
Harita nyaur Den Patih
Utusan enggeus bral miang
Ka Den Patih enggeus nepi
Den Patih lajeng mariksa
Kuma dawuh Kangjeng Gusti

341. Cul nyembah utusan matur
Gamparan kedah kairing
Disaur ka padaleman
Lajeng angkat Raden Patih
Kasondong Sang Prabu lenggah
Mendok nyembah sarta talim

342. Hariring Sang Ratu nyaur
Ngalahir ka Raden Patih
Kieu numatak diogan

Perelu urang badami
Tina enggeus kakolotan
Dipenta rempagna Patih

343. Kieu kula nya pamaksud
Masrahkeun jeneng Bupati
Nyaeta ka dua anak
Sala siji anu jadi
Kitu kahayang kaula
Sarta rempug kuring leutik

334. Raden Patih nyembah sujud
Ngiring dawuh karsa Gusti
Abdi dumerek ka karsa
Kitu deui abdi-abdi
Moal aya nu sulaya
Gagalna gang abdi-abdi

345. Sukur patih lamun kitu
Ayeuna geura badami
Jeung sakabeh wadya bala
Luar jero abdi-abdi
Jeung sadia karesmian
Karamean masing rapih

346. Ngistrenan ngangkat Tumenggung
Pasti isuk poe Kemis
Den Patih nyembah unjukan
Pamit wangsul dek badami
Lajeng mangkat ka paseban
Ngutus nyaur para mantri

347. Harita keneh burudul
Abdi-abdi para mantri
Den Patih lajeng titimbal
Isuk dina poe Kemis
Karsa pasrah ka jenengan
Sarta ngistrenan sakali

348. Ayeuna geura malundur
Sadia pikeun raracik
Papaes pikeun ngistrenan
Papakean sing raresik
Kitu deui tatabeuhan
Ulah tinggal titalari

349. Isuk dina pukul tujuh
Ulah elat sarta rapih
Bareng reujeung tatabeuhan
Gamelan tarompet suling
Bareng-bareng jeung badingdang
Tarawangsa jeung kacapi

350. Tamat titimbalna rampung
Caturkeun isukna deui
Para ponggawa darongkap
Abdi para mantri sumping
Ngabarak di kapatihan
Ngantos dawuhan Den Patih

351. Jebul Den Patih ngadawuh
Eh sakabeh para mantri
Saayana praponggawa
Hayu urang bareng indit
Harita bral bubar mapag
Sang Prabu kasondong linggih

352. Cul nyembah Den Patih munjuk
Sih pangaksa gebal Gusti
Kumaha nu jadi karsa
Wireh parantos sayagi
Abdi-abdi pra ponggawa
Ngantos jengkar Srinarpati

353. Lajeng ngadawuh Sang Prabu
Ka Den Guru Haji Patih
Sadiakeun tutunggangan

Jampana tandu jeung joli
Upacara benderana
Tatabeuhan kitu deui

354. Kaluar Den Patih ngatur
Ngatur anu baris ngiring
Elaran ti padaleman
Harita geus rintih rapih
Jebul Sang Bupatya jengkar
Putra miwah garwa Gusti

355. Ribut pahibut mangkat jung
Tatabeuhan kabeh muni
Ear ngaguruh nu surak
Tina suka seneng ati
Sigeg teu panjang carita
Ka kapatihan geus sumping

356. Cunduk catur sami lungguh
Jaksa panghulu papatih
Para ponggawa santana
Para mantri kuring leutik
Jempe repeh tatabeuhan
Ngantosan dawuhan Gusti

357. Hariring sang Ratu nyaur
Geus henteu diwiji-wiji
Kanu kolot kanu ngora
Kulawargi kuring leutik
Kula menta disaksian
Masrahkeun jeneng bupati

358. Tapi kieu nya pamaksud
Madak rempug abdi-abdi
Nya ieu bae ka anak
Raden Arya enggeus pasti
Kula pasrah ka sadaya
Teu diwincik hiji-hiji

359. Prantos Sang Prabu ngadawuh
Ka sadaya kuring leutik
Unjuk sembah sadayana
Rempag sadawuhan Gusti
Henteu aya anu mungpang
Sujud sukur ka Yang Widi

360. Putus ngistrenan tumenggung
Jedur mariemna muni
Ger surak bareng tabeuhan
Pajemon ada kaindit
Harita lajeng bubaran
Ngaderek di pancaniti

361. Sigeg ka karaton rawuh
Catur abdi anu ngiring
Ti padaleman bubaran
Ka tempatna masing-masing
Ngistrenan putra palastra
Raden Kancana Bupati

362. Rama tapakur di pungkur
Putra jumeneng bupati
Henteu lami kacarita
Rama ngangluh kenging sakit
Dumugi harita wapat
Teu aya walagri deui

363. Palastra Sang Prabu sepuh
Wapatna enggeus sasasih
Henteu panjang dicarita
Catur putra nu ngaganti
Sareng hiji saderekna
Rahaden Arya Kadali

364. Jeung saderek runtut rukun
Runtut rentet sami asih
Henteu sumulengkang manah

Raka rai langkung rapih
Kitu deui wadya bala
Abdi mantri kuring leutik

365. KakocapRaden Tumenggung
Keur panuji sugih mukti
Lajeng nyaur ka raina
Ka Raden Arya Kadali
Kieu paniatan kakang
Nyelehkeun jeneng bupati

366. Cul nyembah barina sujud
Rai kana pangkon Gusti
Raka ulah kitu manah
Naon anu jadi galih
Atawa kasesah manah
Sumangga nanggel pun rai

367. Rakana enggal ngadawuh
Adi teu susah teu risi
Entong panjang dipikiran
Engkang geus dingin pinasti
Kudrat iradat kaula
Geus pinasti masing-masing

368. Ari anu rek dimaksud
Kakang patilar jeung rai
Rek pindah misah panggenan
Tuh lebah tempat Cibeunying
Ngiras pikeun pamakaman
Didinya geusan nya mukim

369. Rai ngawalon jeung mesum
Langkung karsa raka Gusti
Sang Prabu enggal nimbalan
Ngumpulkeun ponggawa mantri
Wadya bala sadayana
Jaksa panghulu papatih

370. Harita utusan jebul
Jeung sadaya abdi-abdi
Praponggawa sadayana
Padaleman heurin usik
Sang Prabu kasondong lenggah
Geus calik di pancaniti

371. Enggal ngadawuh Sang Prabu
Ka sadaya abdi-abdi
Kieu nu matak diogan
Dipenta rempug ku kami
Masrahkeun kabupatian
Ka rai Raden Kadali

372. Walon sadaya gumuruh
Sadayana abdi-abdi
Saprantosna lajeng ngaras
Nyanggakeun silaturahmi
Ka Sang Bupatya rakana
Nyuwun jadi berkah Gusti

373. Sang Ratu sepuh ngadawuh
Geus taya hinggana deui
Tarima dunya aherat
Lahir tumekaning batin
Pandunga kasalametan
Geus henteu diwiji-wiji

374. Tutup catur rila mundur
Ngistrenan enggeus salesih
Pada sasami bubaran
Ka tempatna masing-masing
Sigeg rakana teu kocap
Catur nu jeneng bupati

375. Lulus mulus Den Tumenggung
Taya bincara bincari
Satampina ti rakana

Harja negri tambah resik
Abdi-abdi suka manah
Kumaula satya asih

376. Enggalkeun bae pitutur
Jumenengna enggeus lami
Enggeus kagunganeun putra
Pameget santosa pekik
Bangbang Sayogya salira
Cacalon kangge narpati

377. Nawi putra nu kasebut
Raden Marta Badadahin
Geus sedeng dedeg yuswana
Harita Srinarapati
Keur ngamanah salirana
Muncung barina weweling

Pupuh Pucung

378. Bapa pucung ka putrana lajeng nyaur
Putra ngadeuheusan
Ramana lenggah ngagedeng
Sang Bupatya ngadawuh hibat ka putra

379. Paniatan Ama manawi dikabul
Sarta karempugan
Ku kuring-kuring sakabeh
Rek nyelehkeun masrahkeun ka bupatian

380. Keur pamuga ujang kudu bae sanggup
Nampa kajenengan
Poma-poma kudu daek
Saba Ama geus teu kaduga lumampah

381. Putra calon ka ramana lajeng matur
Gusti langkung karsa
Abdi sumeja dumerek
Siang wengi kumureb karsa paduka

382. Puji sukur ujang ari enggeus sanggup
Ama rek bebeja
Jeung para ponggawa kabeh
Kulawarga kuring menak saayana

383. Sigeg putra sang bupatya lajeng ngutus
Sahiji ponggawa
Raden Patih masing tereh
Ki utusan harita enggeus bral mangkat

384. Ki utusan ka kapatihan geus cunduk
Den Patih mariksa
Maneh aya naon gawe
Ngemban dawuh atawa karep sorangan

385. Nun sumuhun parios abdi diutus
Disaur gamparan
Ku abdi kudu kaderek
Gusak gasik Raden Patih ngadeuheusan

386. Henteu kocap di jalan catur geus cunduk
Kasondong keur lenggah
Lajeng ngadeuheusan bae
Hurmat talim tungkul mando dipayunan

387. Sang Bupatya ka patih lajeng ngadawuh
Numatak diogan
Perluna niat kula teh
Rek masrahkeun nyelehkeun kabupatian

388. Anu baris diangkat kana Tumenggung
Raden Marta Baya
Poma mangka rempug kabeh
Niat kula poe isuk papasrahan

389. Mangsa barang adat talari kapungkur
Pikeun kahurmatan
Masing rame kaparele
Tigas dawuh Den Patih lajeng kaluar

390. Gusak-gasik Raden Patih enggal wangsul
Lajengna titimbal
Ka para mantri sakabeh
Sanggeus kumpul lajeng ngembankeun dawuhan

391. Reh kaula ngemban dawuhan Sang Prabu
Karsa Sang Bupatya
Ka putra bade seseleh
Poe isuk papasrahan jeung ngistrenan

392. Wadya bala ponggawa kudu karumpul
Sarta tatabeuhan
Pamenta ulah talangke
Jam dalapan isuk sadaya sadia

393. Tutas dawuh sadayana amit mundur
Harita bubaran
Sakedap rek make-make
Jeung sadia raracik keur karamean

394. Tina perjanjian harita geus kumpul
Tetebah geus tutas
Kantun mapag Sang Bupatos
Lajeng mangkat sadaya ka padaleman

395. Raden Patih ngadeuheusan ka Sang Prabu
Reh prantos sadia
Abdi ponggawa sakabeh
Sang Bupatya ka patih lajeng ngandika

396. Sadiakeun joli jampana jeung tandu
Pacara bandera
Tatabeuhan kelewer rontek
Matur Patih prantos taya kakirangan

397. Sang Bupatya ti padaleman geus lungsur
Sarta putra garwa
Den Marta Baya panganten
Nu ngagentos nampi panjenengan rama

398. Lajeng jengkar nitih jampana jeung tandu
Seperti helaran
Bandera kelewer rontek
Tatabeuhan ear ti hareup ti tukang

399. Enggal catur kapajemon enggeus sumping
Lajeng sami lenggah
Abdi ponggawa ngaderek
Pra santana sepuh anom sadya lenggah

400. Jempe repeh hariring Sang Prabu nyaur
Eh abdi sadaya
Sarta ponggawa sakabeh
Ka sadaya kami menta disaksian

401. Maksud kami ayeuna rempug teu rempug
Dipenta rempugna
Ka jenengan kami seleh
Nya ka ieu anak Raden Marta Baya

402. Sadayana abdi-abdi walon huhun
Rempag sadayana
Teu sanes abdi ngaderek
Kitu deui ka putra sadya ngaula

403. Sanggeus tutug putus ngistrenan panghulu
Lajeng maca dunga
Pra ponggawa hamin kabeh
Muga-muga raharja kasalametan

